# Màrk

## 1

### Yaxya waajal na yoon ngir Yeesu

[1] Lii mooy njàlbéenu xibaar bu baax bi ci Yeesu Almasi bi, doomu
Yàlla. [2] Bind nañu ci téere yonent Yàlla Esayi ne:

*«Xoolal! Maa ngi yónni sama yonent ci sa kanam,*
*ngir mu waajal la sa yoon.*
[3] *Lii mooy baatu nit kiy yuuxu ci biir màndiŋ bi, naan:*
*"Waajalleen yoonu Boroom bi.*
*Defarleen yoonam yi, ñu jub."»*

[4] Yaxya ñëw na ci màndiŋ bi di sóob nit ñi ci ndox, te di waare
naan: «Nanguleen ma sóob leen ci ndox ngir wone ne tuub ngeen
seeni bàkkaar te noonu Yàlla dina leen baal.» [5] Waa diiwaanu Yude
yépp ak waa dëkku Yerusalem yépp doon nañu ñëw ci moom di
wax seeni bàkkaar ci kanamu ñépp te noonu Yaxya di leen sóob ci
ndox ci dexu Yurdan. [6] Yaxya daan na sol yére bu ñu ràbbe kawaru
giléem te takk ci ndiggam takkukaay bu ñu defare der. Da doon
lekk soccental ak lemu àll, [7] di waare naan: «Kenn ku ma ëpp kàttan
dina ñëw ci sama gannaaw. Yelloowuma sax sëgg ci kanamam ngir
tekki ay dàllam. [8] Man sóob naa leen ci ndox, waaye kooku dina
leen sóob ci Xel mu Sell mi.»

[9] Ci bés yooyu Yeesu jóge woon na ci dëkku Nasaret ci diiwaanu
Galile te Yaxya sóoboon na ko ci ndox ci dexu Yurdan. [10] Bi mu
génnee ci ndox mi ci saa si mu gis asamaan si ubbeeku te Xel mu
Sell mi wàcc ci moom ci jëmm ju mel ni pitax, [11] te benn baat jóge ci
asamaan, ne: «Yaa di sama doom ji ma sopp. Ci yaw laa ame
bànneex.»

12 Ci saa si, Xel mu Sell mi yóbbu Yeesu ba ci biir màndiŋ bi. 13 Mu
def fa ñeent fukki fan te Seytaane fiir na ko fa. Nekkoon na ak rabu
àll yi te malaaka yi di ko toppatoo.

### Yeesu tàmbali na liggéeyam

14 Gannaaw bi ñu tëjee Yaxya ci kaso bi, Yeesu dem ci diiwaanu
Galile di waare xibaar bu baax bi jóge ci Yàlla, 15 di naan: «Waxtu bi
mat na te nguuru Yàlla gi jegesi na. Tuubleen seeni bàkkaar te gëm
ci xibaar bu baax bi.»
16 Benn bés Yeesu doon na jaar ci tefesu dexu Galile, mu gis Simoŋ
ak Andare, ñaari nappkat yu bokk ndey ak baay. Ñu doon sànni
seeni mbaal ci dex gi. 17 Yeesu ne leen: «Toppleen ma te dinaa leen
def ay nappkatu nit.» 18 Ci saa si ñu bàyyi seen mbaal yi te topp ko.
19 Bi Yeesu demee ba ci kanam tuuti, mu gis ñaar ñu bokk ndey ak
baay: Saak ak Yowaana ñiy doomi Sebede. Ñu nekkoon ci seen gaal
di defaraat seen mbaal yi. 20 Ci saa si mu woo leen, ñu daldi bàyyi
seen baay Sebede ci gaal gi ak liggéeykatam yi, te ñu topp Yeesu.

### Yeesu wéral na benn waay bu rab jàppoon

21 Yeesu ak taalibeem yi dugg nañu dëkku Kapernawum. Ci bésu
noflaay bi Yeesu daldi dugg ci kër-ñaan bi di jàngale. 22 Ñépp ña fa
nekkoon yéemu woon nañu ci njàngaleem, ndaxte da doon jàngale
ak sañ-sañ bu jàngalekati-yoonu-Musaa amul. 23 Ci waxtu boobu
sax, ci biir kër-ñaan bi, amoon na benn waay bu rab jàppoon. Muy
yuuxu ak baat bu kawe 24 naan: «Yeesu mu Nasaret, loo nu bëggal?
Ndax danga ñëw ngir sànk nu? Xam naa la; yaw yaay ku sell ki Yàlla
yónni!» 25 Yeesu gëdd rab bi, ne ko: «Noppil te nga génn ci waa ji!»
26 Rab bi sayloo waa ji, génn ci moom di yuuxu ci kaw. 27 Ñépp ñi fa
nekkoon yéemu woon nañu bay laajante ci seen biir naan: «Lii
mooy lan? Lii mooy njàngale bu bees bu ànd ak sañ-sañ. Muy jox

ndigal rab yi sax te ñu koy déggal.» [28] Ci saa ci, turu Yeesu daldi siiw
ci diiwaanu Galile bépp.

### Yeesu wéral na yaayu jabaru Simoŋ ak ñenn ñu feebaroon

[29] Bi Yeesu génnee ci kër-ñaan bi, ànd ak Saak ak Yowaana, ñu
daldi dem kër Simoŋ ak Andare. [30] Fekk na yaayu jabaru Simoŋ tëdd
feebar ndaxte dafa amoon yaram bu tàng. Bi Yeesu yegsee, ñu yégal
ko ko. [31] Mu jegesi ko, téye loxoom, te yékkëti ko. Tàngooru yaram
bi bàyyi ko te mu tàmbali di leen toppatoo.
[32] Ci ngoon si bi jant bi sowee, ñu andil Yeesu ñépp ñi feebar ak
ñépp ñi rab jàpp. [33] Waa dëkk bi yépp daje ci buntu kër gi. [34] Yeesu
wéral na ñu bari ñi feebaroon te amoon jàngoro yu wuute te muy
dàq rab yu bari, waaye mu tere rab yi ñu wax ndaxte xamoon nañu
ki mu doon.

### Yeesu waare na ci diiwaanu Galile

[35] Ci ëllëg sa ci suba teel fekk mu ngi lëndëm ba léegi, Yeesu daldi
jóg te génn, dem ci benn béréb bu wéet di fa ñaan. [36] Simoŋ ak ñi
mu àndaloon di ko seet. [37] Bi ñu ko gisee ñu ne ko: «Ñépp ñu ngi lay
seet.» [38] Waaye Yeesu ne leen: «Nanu dem feneen, ci gox yi nu wër.
Damaa wara waare foofu tamit, ndaxte loolu moo tax ma ñëw.»
[39] Noonu mu wër diiwaanu Galile bépp di waare ci kër-ñaan yi te di
dàq rab yi nekkoon ci nit ñi.

### Yeesu wéral na benn waay bu am feebaru ngaana.

[40] Gannaaw loolu benn waay bu amoon feebaru ngaana ñëw ci
Yeesu, sukk ci kanamam, te ñaan ko ne: «Soo ko bëggee, mën nga
ma setal.» [41] Yeesu yërëm ko, tàllal loxoom, laal ko te nee ko: «Bëgg
naa ko. Setal.» [42] Ci saa si feebaru ngaana bi bàyyi ko te mu set.
[43] Noonu Yeesu wax ko mu dem, waaye mu artu ko ak doole [44] naan:
«Déglul bu baax! Bul ko wax kenn waaye demal, nga won sa bopp

jébbalkatu-sarax si, te nga joxe sarax si, ni ko yoonu Musaa diglee,
ngir wone ne set nga, te loolu dina mëna nekk seede ci ñoom.»
45 Waaye nit ka dem tàmbali di yégle mbir moomu fépp ak ci ñépp
ba tax Yeesu mënatul woon fésal boppam ci dëkk yi. Doon na nekk
ci béréb yu wéet te nit ñi di jóge fépp di ñëw ci moom.

## 2

### Yeesu wéral waay ju làggi te baal ko ay bàkkaaram

1 Ay fan gannaaw loolu, Yeesu ñëwaat ci dëkku Kapernawum, te
ñu yég ne mu ngi ci kër gi. 2 Mbooloo mu bari dajaloo ba kenn
amatul fooy taxaw du sax ci kanamu bunt bi, te Yeesu di leen jàngal
kàddu Yàlla gi. 3 Ñeenti nit ñëw, jàppoo waa ju làggi, ngir andil ko
Yeesu. 4 Waaye mënuñu ko woon andi ci kanamam, ndax mbooloo
mi. Ñu daldi toj dal bi tiim béréb bi Yeesu nekkoon, wàcce ku làggi
ki tëddoon ci basaŋam jaarale ko ci bën-bën bi ñu tojoon. 5 Bi Yeesu
gisee seen ngëm, mu wax ku làggi ki ne: «Sama doom, baal nañu la
say bàkkaar.» 6 Foofu amoon na ñenn ci jàngalekati-yoonu-Musaa
yi toogoon di xalaat ci seen biir xel naan: 7 «Lu tax nit kii di waxe
noonu? Mu ngi méngale boppam ak Yàlla! Kan moo mëna baale
bàkkaar yi ku dul Yàlla rekk?» 8 Ci saa si Yeesu xam ci xelam li ñu
doon xalaat ci seen biir xel te mu wax leen ne: «Lu tax ngeen di
xalaate nii ci seen biir xel? 9 Lan moo gëna yomb wax ku làggi ki:
"baal nañu la say bàkkaar" walla "jógal, jël sa basaŋ, te nga dox"?
10 Li ma bëgga def mooy ngir ngeen xam ne Doomu nit ki am na sañ-
sañ ci àddina si baale bàkkaar yi.» 11 Noonu mu wax ku làggi ki:
«Maa ngi la koy wax: jógal, jël sa basaŋ te nga ñibbi.» 12 Ci saa si nit
ki jóg, jël basaŋam, te génn ci kanamu ñépp, ba tax ñépp waaru te
di màggal Yàlla, di wax ne: «Mësunoo gis lu mel nii.»

### Yeesu tànn na Lewi juutikat bi

13 Yeesu génnaat, dem ci tefesu dexu Galile. Mbooloo mi yépp di
ñëw ci moom, te mu leen di jàngal. 14 Bi muy dem mu gis benn
juutikat bu tudd Lewi di doomu Alfe. Mu toog ci bérébu
liggéeyukaay bi. Yeesu ne ko: «Topp ma.» Mu jóg te topp ko.
15 Gannaaw loolu, Yeesu doon lekk ci këru Lewi. Ay juutikat yu bari
ak ay bàkkaarkat doon nañu lekkandoo ak moom ak taalibeem yi,
ndaxte ay nit ñu bari ñu mel noonu doon nañu ko topp. 16 Bi ñu
gisee ne da doon lekkandoo ak ay bàkkaarkat ak ay juutikat,
jàngalekati-Yoonu-Musaa yi bokkoon ci tarixa Farisen yi ne
taalibeem yi: «Lu tax muy lekkandoo ak ay juutikat ak ay
bàkkaarkat?» 17 Bi Yeesu déggee loolu, mu wax leen ne: «Du ñi wér
ñoo soxla fajkat waaye ñi wéradi. Damaa ñëw ngir woo bàkkaarkat
yi ñu tuub seeni bàkkaar, waaye du ñu jub ñi.»

### Ay nit laaj nañu Yeesu ci lu jëm ci woor

18 Taalibe Yaxya yi ak taalibe Farisen yi dañu doon woor. Ñu ñëw
ci Yeesu, ne ko: «Taalibe Yaxya yi ak taalibe Farisen yi dañuy woor.
Lu tax say taalibe duñu woor?» 19 Yeesu tontu leen ne: «Ndax xariti
boroom séet bi mën nañu woor waxtu bi boroom séet nekke ak
ñoom? Feek boroom séet bi mu ngi ak ñoom duñu mëna woor. 20 Ay
bés a ngi ñëw, ñu jële boroom séet bi ci seen biir te ci bés boobu
dinañu woor.

21 «Kenn du ñaw benn daggitu yére bu bees ci benn yére bu
màggat. Lu ko moy daggit bu bees bi dina ñoddi yére bu màggat bi
te xotteeku bi gëna yaatu. 22 Te kenn du jël biiñ bu bees di ko def ci
ay mbuusu der yu màggat. Lu ko moy biiñ bi dina fëq mbuus yi te
biiñ bi ak mbuus ya yàqu. Danga wara def biiñ bu bees ci ay mbuusu
der yu bees.»

### Yeesu mooy Boroom bésub noflaay bi

[23] Benn bésu noflaay Yeesu doon jàll ci tool yi. Taalibeem yi di dox,
di witt ci pepp yi. [24] Farisen yi ne ko: «Xoolal! Lu tax ñuy liggéey ci
bésu noflaay bi te yoonu Musaa day tere ñu ciy liggéey?» [25-26] Yeesu
tontu leen ne: «Xanaa jànguleen li Daawuda defoon ci jamono
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi Abiyatar? Bi mu nekkee ci soxla te
xiifoon, moom ak ñi mu àndaloon, mu dugg ci kër-Yàlla gi, lekk ci
mburu yi ñu jébbal Yàlla te jox ci tamit ñi mu àndaloon, fekk yoon
bi mayul kenn di ko lekk ku dul jébbalkati-sarax yi.» [27] Te Yeesu
yokk ca ne: «Yàlla sàkkul nit ngir bésu noflaay bi, waaye dafa sàkk
bésu noflaay bi ngir nit. [28] Kon nag, Doomu nit ki mooy boroomu
bésu noflaay bi sax.»

## 3

[1] Yeesu duggaat ci kër-ñaan bi. Foofu amoon na benn waay bu
loxoom làggi. [2] Farisen yi bëggoon nañu tuumaal Yeesu. Noonu ñu
koy xool ngir xam ndax ci bésu noflaay bi dina wéral waa ji. [3] Yeesu
daldi wax waa ji amoon loxo bu làggi bi: «Jógal, nga taxaw ci
kanamu ñépp.» [4] Ci noonu mu wax leen: «Lan la yoon bi maye ngir
ñu def ko ci bésu noflaay bi? Lu baax walla lu bon, muccal nit walla
bàyyi ko mu loru?» Waaye ñu noppi. [5] Yeesu xool leen ñoom ñépp
ak mer, ànd ak tiis ndax seen xol yu dëgër. Noonu mu wax nit ki:
«Tàllalal sa loxo.» Mu tàllal ko te loxoom bi daldi wér. [6] Ci saa si
Farisen yi génn ci kër-ñaan bi, daldi waxtaan ak ñi far ak Erodd ci
ni ñuy fexee rey Yeesu.

### Mbooloo mi topp na Yeesu ba ci dexu Galile

[7] Yeesu ak taalibeem yi jëm nañu dexu Galile, te mbooloo mu
takku di ko topp. Jóge woon nañu diiwaanu Galile, diiwaanu Yude,
[8] dëkku Yerusalem, diiwaanu Idume, gannaaw dexu Yurdan, ak li

wër Tir ak Sidon. Mbooloo mu bari ñëwoon nañu ci Yeesu, ndaxte
yégoon nañu lépp li mu doon def. [9-10] Da doon wéral nit ñu bari, ba
tax ñépp ñi feebaroon di njëkkante ngir laal ko. Noonu mu yónni
taalibeem yi, ñu andil ko gaal bu ndaw, mu yéeg ci ngir bañ
mbooloo mi tanc ko. [11] Ñi rab jàppoon bi ñu gisee Yeesu, ñu daanu
ci kanamam di yuuxu naan: «Yaw yaay doomu Yàlla ji.» [12] Waaye
Yeesu gëdd leen ak doole ngir bañ ñu wax ki mu doon.

## Yeesu tànn na fukki ndaw yi ak ñaar

[13] Gannaaw loolu Yeesu yéeg ci tund bi. Mu woo ñi mu bëgga woo
te ñu ñëw ci moom. [14] Mu tànn ci fukk ak ñaar, tudde leen ndaw,
ngir ñu nekk ak moom te mu yónni leen ñuy yégle xibaar bu baax
bi [15] te mu jox leen sañ-sañ ngir ñuy dàq rab yi. [16] Fukk ak ñaar ñii la
tànnoon: Simoŋ mi Yeesu doon woowe Piyeer, [17] Saak ak Yowaana
ñiy doomi Sebede te mu doon leen woowe Bowanerses miy tekki
doomi dënnu, [18] Andare, Filib, Bartelemi, Macë, Tomaa, Saak di
doomu Alfe, Tade, Simoŋ di ku takku ci réewam, [19] ak Yuda
Iskariyot di ki ko wor.

## Yeesu moo ëpp Seytaane doole

[20] Gannaaw loolu Yeesu delluwaat ci kër gi. Mbooloo mu takku
dajaloowaat ba tax Yeesu ak taalibeem yi mënuñu woona lekk. [21] Bi
ko waa këram yégee, ñu dem jëli ko ndaxte dañu doon wax ne:
«Dafa tàggoo ak sagoom.»

[22] Jàngalekati-yoonu-Musaa yi jóge woon Yerusalem di wax ne:
«Beelsebul moo ko jàpp. Ci kàttanu buuru rab yi lay dàqe rab yi.»
[23] Noonu Yeesu woo leen te wax leen ci léeb ne: «Naka la Seytaane
mëna dàqe Seytaane? [24] Bépp nguur bu xaajaloo ci biiram dina tas,
[25] te bépp kër bu xaajaloo ci biiram dina tas. [26] Su fekkee nag
Seytaane day xeex boppam te su nguuram xaajaloo, dootul mëna

yàgg waaye dina jeex. 27 Kenn mënula dugg ci kër nit bu am doole di
jël alalam su fekkee ne takkul nit kooku ba noppi. Noonu dina jël li
mu dencoon ci këram. 28 Ci dëgg maa ngi leen koy wax: dinañu baal
nit ñi seen bàkkaar yépp ak bépp wax bu ñaaw bu ñu wax. 29 Waaye
ku wax lu ñaaw ci Xel mu Sell mi, duñu ko mësa baal ndaxte
bàkkaar na ba fàww.» 30 Yeesu doon na waxe noonu ndaxte nit ñi
dañu doon wax ne: «Dafa am rab.»
31 Gannaaw loolu yaayu Yeesu ak rakki Yeesu yi ñëw, taxaw ci biti
te ñu woolu ko. 32 Nit ñu bari toogoon, wër Yeesu te kenn ne ko:
«Xoolal! Sa yaay ak say rakk ñu ngi ci biti di la seet.» 33 Yeesu tontu
leen ne: «Ñan ñooy sama yaay ak samay rakk?» 34 Noonu Yeesu xool
ñi toogoon wër ko, te ne leen: «Ñii ñooy sama yaay ak samay rakk,
35 ndaxte kiy def coobare Yàlla kooku mooy sama rakk bu góor,
sama rakk bu jigéen, walla sama yaay.»

# 4

## Yeesu nettali na léebu jikat bi

1 Yeesu tàmbaliwaat di jàngale ci wetu dexu Galile. Mbooloo mu
takku dajaloo, wër ko, ba tax mu yéeg ci benn gaal bu nekkoon ci
dex bi te toog ci. Mbooloo mi nekk ci tefes bi. 2 Doon na leen jàngal
mbir yu bari jaarale ko ci ay léeb di wax naan: 3 «Dégluleen! Dafa
amoon benn jikat bu génn ngir ji. 4 Bi muy ji, am pepp yu daanu ci
yoon bi. Picc yi ñëw, lekk leen. 5 Yenn pepp yi daanu ci diggante
xeer yi fu amul woon suuf su bari. Ñu jóg ci saa si ndaxte suuf si
xootul woon, 6 waaye bi jant bi fenkee ñu daldi lakk te wow ndaxte
amuñu ay reen. 7 Yeneen pepp yi daanu ci diggante ay xaaxaam. Ñu
daldi jógandoo ak xaaxaam yi. Xaaxaam yi tanc leen te noonu
amuñu meññeef. 8 Waaye yi ci des daldi daanu ci suuf su baax si. Ñu

sax, jóg, te meññ. Yenn yi meññ fanweeri pepp, yeneen yi meññ
juróom benn fukk, yi ci des téeméer.» [9] Yeesu yokk ca ne: «Na ki am
nopp ngir déglu, dégg.»
[10] Bi ñu nekkee ak moom kese ñi àndoon ak moom ak fukk yi ak
ñaar laaj ko li léeb yooyu di tekki. [11] Mu ne leen: «Yeen, Yàlla may
na leen ngeen xam li nëbbu ci nguuru Yàlla gi. Waaye ñi ci bokkul,
dama leen di wax lépp ci léeb, [12] ngir

*ñuy xool bu baax waaye duñu gis dara,*
*te ñuy déglu bu baax waaye duñu ràññee,*
*ngir ñu baña woññeeku te Yàlla baal leen.»*

[13] Gannaaw loolu Yeesu ne leen: «Su ngeen xamul léeb bii, naka
ngeen di xame yeneen léeb yépp? [14] Jikat bi, kàddu Yàlla gi lay ji.
[15] Ñenn ñi ñooy ñi nekk ci wetu yoon bi ñu ji kàddu gi. Bi ñu déggee
kàddu gi, ci saa si Seytaane ñëw, këf li ñu ji woon ci ñoom. [16] Ñi nga
xam ne ñoo jot jiwu ci béréb bi am xeer yi, su ñu déggee kàddu gi
rekk, ci saa si ñu nangu ko ak mbégte. [17] Waaye kàddu gi saxul ci
ñoom. Dañu koy jàpp diir bu gàtt, te noonu bu jafe-jafe yi ñëwee
walla ñu fitnaal leen ndax kàddu gi, ci saa si ñu bàyyi ngëm gi.
[18] Ñeneen ñi ñooy ñi jot jiwu ci biir xaaxaam yi. Ñoom, dañuy dégg
kàddu gi [19] waaye dañuy jaaxle ci yëfi àddina sii, dañuy wut alal yuy
naxaate, te dañoo bari bëgg-bëgg. Loolu lépp mooy tanc kàddu gi
ba tax du am meññeef. [20] Ñi ci des, ñooy ñi jot jiwu ci suuf su baax
si. Ñoom dañuy dégg kàddu gi, nangu ko te am meññeef. Ñenn ñi
meññ fanweer, ñeneen ñi meññ juróom benn fukk, ñi ci des
téeméer.»

### Yeesu nettali na léebu làmp bi ak nattukaay bi

[21] Yeesu ne leen: «Ndax nit dina jël làmp di ci dëpp leket, walla di
ko dugal ci ron lal? Ndax du ko wékk? [22] Ndaxte amul dara lu nëbbu
lu ñu dul feeñal te amul dara lu umpe lu ñu dul leeral. [23] Na ki am

nopp ngir déglu dégg.» [24] Yeesu yokk ca ne: «Bàyyileen xel bu baax
ci li ngeen di déglu. Ni ngeen di nattale ñeneen ñi, noonu lañu leen
di nattale, te dinañu leen ko yokkal, [25] ndaxte ku am dinañu la
yokkal, waaye ku amul dinañu jël sax li nga am.»

### Yeesu nettali na ñaari léeb ci pepp yi

[26] Yeesu waxaat ne: «Nguuru Yàlla dafay mel ni benn waay bu ji ci
toolam. [27] Muy nelaw walla mu yeewu, guddi ak bëccëg, pepp yi
dañuy sax te jóg, doonte xamul sax ni muy deme. [28] Suuf si ci
boppam day meññ: day jëkka saxal jiwu bi, teg ci tóor-tóor. Ci
mujjantal bi, pepp yi feeñ bu baax ci biir tóor-tóor yi, [29] te bu pepp
yi ñoree, ñu dagg ko ci saa si, ndaxte waxtu ngóob bi jot na.»
[30] Yeesu yokkaat ca ne: «Lan lañu mëna méngale nguuru Yàlla gi?
Ak ban léeb lañu ko mëna misaale? [31] Dafay mel ni doomu fuddën.
Bu ñu ko jiwee ci suuf si moom mooy pepp bi gëna tuuti ci pepp yi
yépp. [32] Waaye bu ñu ko jiwee day sax te mujje nekk garab bi gëna
réy ci garab yi nekk ci tool bi te dafay sax ay bànqaas yu réy ba tax
picci asamaan si mëna ràbb seen tagg yi ci keram.» [33] Jaarale ko ci
léeb yu bari yu mel noonu la Yeesu doon jàngal kàddu Yàlla gi ñi ko
doon déglu ci lu aju ci li ñu mëna xam. [34] Daawul wax ak ñoom lu
dul ci léeb, waaye bu wéetoon ak taalibeem yi, mu tekkil leen lépp.

### Yeesu dalal na ngelaw bu am doole bi

[35] Ci bés boobu ci ngoon, Yeesu ne taalibe yi: «Nanu dem ba ci
beneen wetu dex gi.» [36] Ñu bàyyi fa mbooloo mi te yóbbu Yeesu ci
gaal gi ñu nekkoon. Yeneen gaal àndoon nañu ak ñoom. [37] Ngelaw
bu am doole daldi jóg, ndox mi di dugg ci gaal gi ba tax gaal gi doon
fees ak ndox. [38] Yeesu mu ngi woon ci gannaawu gaal gi, teg
boppam ci njegenaay di nelaw. Taalibeem yi yee ko, ne ko:
«Jàngalekat bi, xanaa li nuy suux defu la dara?» [39] Yeesu daldi jóg,

gëdd ngelaw li, te wax dex gi ne: «Noppil te nga dal.» Ngelaw li
daldi bàyyi te lépp dal. [40] Noonu Yeesu ne taalibeem yi: «Lu tax
ngeen di ragal. Ndax amaguleen ngëm ba léegi?» [41] Waaye
taalibeem yi tiitoon nañu lool te di waxtaan ci seen biir naan: «Kii
nag, mooy kan, ba ngelaw li ak ndox mi sax di ko déggal?»

# 5

## Yeesu dàq na ay rab yu bari yu nekkoon ci benn waay

[1] Yeesu ak taalibeem yi yegsi ci beneen wetu dex bi ci diiwaanu
Serasa. [2] Bi Yeesu wàccee gaal gi, ci saa si benn waay bu am rab
génnee ci armeel ba te ñëw daje ak moom. [3] Ci armeel ba la
dëkkoon. Kenn mënu ko woon a takk ceen sax ba mu baña rëcc.
[4] Yenn saay nit ñi dañu doon takk tànkam yi ak loxoom yi ak ay
weñ, waaye da ko doon dog, te kenn amul woon doole ngir téye ko.
[5] Guddi ak bëccëg da doon wër armeel bi ak tund yi di yuuxu te di
gaañ boppam ak ay xeer. [6] Bi mu séenee Yeesu fu sori, mu daw,
sukk ci kanamam, [7] te di yuuxu ak baat bu kawe naan: «Loo ma
bëggal, Yeesu doomu Yàlla Aji-Kawe ji? Maa ngi lay ñaan ci turu
Yàlla, bul ma metital.» [8] Waxoon na loolu ndaxte Yeesu waxoon na
ko ne: «Rab bu bon bi, génnal ci waa jii.» [9] Yeesu laaj ko ne: «Noo
tudd?» Mu tontu ko ne: «Coggal laa tudd ndaxte ñu bari lanu.» [10] Te
mu ñaan Yeesu ak doole ngir mu bañ ko dàq ci diiwaan bi. [11] Fekk
na ci waxtu boobu amoon na géttu mbaam xuux yu bari yu doon
wut lu ñuy lekk ci kaw tund bi. [12] Rab yi ñaan Yeesu ne: «May nu, nu
dugg ci mbaam xuux yi.» [13] Yeesu may leen ko. Noonu rab yi génn ci
nit ki, dugg ci mbaam xuux yi. Gétt boobu nekkoon ci kaw tund bi,
lu tollook ñaari junni mbaam xuux, daldi gaawantu, tarxiis, daanu
ci dex bi, lab fa. [14] Sàmmkati mbaam xuux yi daldi daw, te dem ci
dëkk bi ak ci kër àll yi, di nettali lépp li ñu gisoon te nit ñi génn

ngir gis li xewoon. 15 Bi ñu yegsee ci wetu Yeesu, ñu gis nit ki rab yi
jàppoon, mu toog, sol yére, te ànd ak sagoom. Ñu daldi tiit. 16 Ñi
gisoon li xewoon di nettali li daloon mbaam xuux yi ak waa ji rab yi
jàppoon. 17 Noonu ñu tàmbali di ñaan Yeesu ngir mu génn ci seen
diiwaan. 18 Ci waxtu bi Yeesu di yéeg ci gaal gi nit ki amoon rab yi
ñaan ko ngir ànd ak moom. 19 Yeesu mayu ko ko, waaye mu ne ko:
«Demal, nga ñibbi sa kër ci sa wetu njaboot, te nga nettali leen lépp
li la Boroom bi defal ci ni mu la yërëme.» 20 Waa ji dem, te mu
tàmbali yégle lépp li ko Yeesu defal ci diiwaan bi ñuy woowe Fukki
dëkk yi. Ñépp waaru woon nañu.

## Yeesu wéral na benn jigéen ju feebaroon te dekkil xale bu jigéen bu dee woon

21 Bi Yeesu jàllee ak gaal gi ci beneen wetu dex ba, mbooloo mu
takku dajaloo ci tefes bi, wër ko. 22 Benn njiitu kër-ñaan bu tudd
Yayrus daldi yegsi. Bi mu gisee Yeesu, mu sukk ci ay tànkam, 23 te
mu ñaan ko ak doole ne: «Sama doom bu jigéen bi mu ngi dee.
Ñëwal, nga teg ko say loxo ngir musal ko te mu dund.» 24 Noonu
Yeesu dem, ànd ak moom. Mbooloo mu takku gunge ko, di ko tanc
ci wet bu nekk.

25 Benn jigéen buy xëpp deret lu tollu ci fukki at ak ñaar mu ngi fa
woon. 26 Sonnoon na lool ci loxoy fajkat yu bari. Def na ci alalam bi
yépp te tanewul waaye dafa gëna sonn. 27-28 Noonu mu dégg ñuy
wax ci lu jëm ci Yeesu. Mu daldi wax ci xelam ne: «Su ma fexee ba
lal yéreem, dinaa wér.» Ci biir mbooloo mi, mu jaare Yeesu
gannaaw te laal yéreem. 29 Ci saa si, xëpp deret bi bàyyi te mu yég
ne wér na ci metitam. 30 Ci saa si Yeesu xam ne kàttan génn na ci
moom, mu walbatiku ci mbooloo mi te laaj ne: «Kan moo laal sama
yére?» 31 Taalibeem yi ne ko: «Gis nga mbooloo mi di la tanc ci wet
bu nekk, ngay wax ne: "Kan moo ma laal?"» 32 Waaye mu xool ñi ko

wër ngir xam kan moo def loolu. [33] Jigéen bi tiit di lox, xam li ko dal,
ñëw sukk ci kanamam, te wax ko dëgg bi yépp. [34] Yeesu ne ko:
«Sama doom, sa ngëm wéral na la. Demal ci jàmm te nga wér ci sa
metit.»
[35] Bi Yeesu di wax loolu, ay nit jóge ci kër Yayrus mi nekk njiitu
kër-ñaan bi te ne ko: «Sa doom dee na. Bul sonalaat jàngalekat bi.»
[36] Waaye Yeesu jàppul wax jooju, mu wax njiitu kër-ñaan bi ne: «Bul
ragal dara. Gëmal rekk.» [37] Yeesu nanguwul woon kenn ànd ak
moom ku dul Piyeer, Saak ak Yowaana ñi bokk ndey ak baay. [38] Bi
ñu yegsee ci kër Yayrus, Yeesu dégg coow li, ay nit yuy naqarlu di
jooy tey yuuxu. [39] Mu dugg te ne leen: «Lu waral coow lii ak jooy
yii? Xale bi deewul, day nelaw rekk.» [40] Waaye ñuy ñaawal Yeesu.
Noonu mu génne leen ñoom ñépp. Mu woo pàppay xale bi ak
yaayam ak taalibe yi ko gunge woon te mu dugg ci néeg bi xale bi
nekkoon, [41] téye ko ci loxoom, te ne ko: «Talita kumi,» liy tekki ne:
«Xale bu jigéen bi, maa ngi la koy wax: jógal.» [42] Ci saa si, xale bu
jigéen bi daldi jóg te tàmbali di dox ndaxte amoon na fukki at ak
ñaar. Ñépp waaru woon nañu lool, [43] waaye Yeesu dénk leen ak
doole ngir ñu bañ ko wax kenn te ne leen ñu jox ko mu lekk.

## 6

### Waa Nasaret nanguwuñu Yeesu

[1] Yeesu jóge foofu te dem ci dëkk bi mu yaroo te taalibe yi topp ko.
[2] Bi bésu noflaay bi ñëwee mu tàmbali di jàngale ci kër-ñaan bi. Nit
ñu bari ñi ko doon déglu yéemu tey naan: «Fan la jële mbir yii? Ban
xel mu rafet lañu ko jox? Te kéemaan yii naka la leen di defe?
[3] Ndax ki du doomu minise bi, di doomu Maryaama, di magu Saak,
Yose, Yudd, ak Simoŋ? Ay rakkam yu jigéen, ndax nekkuñu fii ci
sunu biir?» Loolu moo tax ñu ñàkk ngëm. [4] Yeesu ne leen: «Ab

yonent, duñu ko xeeb fenn fu dul ci dëkkam ak ci biir mbokkam
mbaa ci këram.» [5] Foofu Yeesu mënu fa woona def kéemaan,
terewul mu wéral ñenn ci ñi feebaroon ci bi mu leen tegee loxo.
[6] Waaru woon na lool ndax seen ñàkka gëm.

### Yeesu yónni na fukki ndaw yi ak ñaar ci ay dëkk yu wuute ngir ñu waare tey wéral ñi feebar

Yeesu doon na dem ci gox yi wër foofu di jàngale. [7] Mu woo fukk yi
ak ñaar, te mu yónni leen ñaar ñaar te jox leen sañ-sañ ngir ñu dàq
rab yi. [8] Mu jox leen ndigal ngir ñu baña yóbbaale dara ci tukki bi lu
dul yet. Mu ne leen: «Buleen yóbbaale mburu, saaku tukki, walla
xaalis ci seeni nafa; [9] waaye solleen ay dàll, te ngeen baña sol ñaari
yére.» [10] Yeesu teg ca ne: «Bu ngeen duggee ci kër, na ngeen des
foofu ba seen waxtu dem jot. [11] Bépp dëkk bu leen nit ñi baña dalal
te ñu bañ leen déglu, génnleen foofu te ngeen faxas pënd bi nekk ci
seen tànk ngir loolu mën leena seedeel seen réer.» [12] Ñu dem nag
tey waare nit ñi ñu tuub seeni bàkkaar. [13] Ñu dàq rab yu bari te
wéral ñi feebaroon, di leen sotti diw ci seen bopp.

### Buur bi Erodd reylu na Yaxya

[14] Buur bi Erodd déggoon na ñuy wax ci Yeesu ndaxte turam
siiwoon na fépp. Ñenn ñi dañu doon wax ne: «Yaxya moo dekki ci
ñu dee ñi. Loolu moo tax mu am kàttanu def ay kéemaan.»
[15] Ñeneen ñi di wax ne: «Kii, Ilyaas la.» Ñi ci des di wax ne: «Yonent
la bu mel ni yonent yu jëkk yi.» [16] Bi Erodd déggee loolu, mu ne:
«Yaxya mi ma dagglu woon boppam, moo dekki.»
[17-18] Deewu Yaxya nii la deme woon: Erodd takkoon na Erojàdd,
fekk mu nekkoon jabaru magam Filib. Yaxya doon na wax Erodd
ne: «Yoon bi dafay tere nga takk sa jabaru mag.» Noonu Erodd joxe
ndigal ñu jàpp Yaxya, yeew ko, te tëj ko ci kaso bi. [19] Noonu Erojàdd

mere woon na ko te bëggoon ko reylu, waaye mënu ko woon,
[20] ndaxte Erodd dafa ragaloon Yaxya. Xamoon na ne nit ku jub la te
sell. Loolu moo tax mu ko doon aar. Bu ko daan déglu sax da doon
jaaxle lool, teewul mu bëgg di ko déglu. [21] Waaye benn bés Erojàdd
lal pexe bi Erodd di màggal bésu juddoom. Noonu Erodd woote xew
mu réy te mu woo ci ay jaraafam, ay kommandaŋ, ak ñi am
ndombal tànk ci diiwaanu Galile. [22] Doom bu jigéen bu Erojàdd dugg
te di fecc. Mu neex Erodd ak ganam yi. Noonu buur bi wax xale bu
jigéen bi ne: «Ñaan ma loo bëgg, te dinaa la ko may.» [23] Mu teg ca
waatal ko waat bii: «Lépp loo ma ñaan, dinaa la ko jox, su de sax
sama genn-wàllu nguur.» [24] Xale bu jigéen bi génn te ne yaayam:
«Lan laay ñaan?» Mu tontu ko ne: «Boppu Yaxya.» [25] Ci saa si mu
gaawantu dellu ci buur bi te ne ko: «Damaa bëgg nga jox ma ci saa
si boppu Yaxya ci ndab.» [26] Buur bi daldi ànd ak tiis waaye bëggu ko
woona bañal ndax waatam bi ak ganam yi. [27] Mu yónni ci saa si
benn soldaar, jox ko ndigal mu andil ko boppu Yaxya. Soldaar bi
dem ci kaso bi te dagg boppu Yaxya. [28] Noonu mu andi bopp bi ci
ndab te jox ko xale bu jigéen bi, te mu jox ko yaayam. [29] Bi taalibe
Yaxya yi déggee loolu, ñu ñëw, jël néewam, te denc ko ci bàmmeel.

### Yeesu dundal na nit ñu bari te dox ci kaw ndox mi

[30] Ndaw yi dellu ci Yeesu, te ñu nettali ko lépp li ñu defoon ak li ñu
jàngale. [31] Noonu mu ne leen: «Ñëwleen nu dem ci béréb bu wéet
ngir ngeen noppalu tuuti.» Ndaxte ay nit yu bari doon nañu dem ak
di ñëw, ba tax Yeesu ak taalibeem yi amuñu woon jotu lekk. [32] Ñu
yéeg ci gaal, dem ci béréb bu wéet, ñoom rekk. [33] Waaye ñu bari gis
leen ñuy dem, ñu xàmme leen. Ñu jóge ci dëkk yépp, di daw, te jiitu
Yeesu ak taalibeem yi ci béréb bi ñu doon dem. [34] Bi Yeesu wàccee ci
gaal gi, mu gis mbooloo mu takku te mu yërëm leen ndaxte dañoo
meloon ni ay xar yu amul sàmmkat. Noonu mu tàmbali di leen

jàngal ci ay mbir yu bari. [35] Bi jant bi di waaja sow taalibeem yi
jegesi ko, te ne ko: «Mu ngi waaja guddi te béréb bi nu nekk màndiŋ
la. [36] Yewwil mbooloo mi nag, ngir ñu dem ci dëkk yi ak ci gox yi nu
wër ngir jënd lu ñuy lekk.» [37] Waaye Yeesu tontu leen ne: «Yeen ci
seen bopp, joxleen ñoom ñu lekk.» Ñu ne ko: «Xanaa danuy jënd
mburu njégu ñaari téeméeri xànjar, te nu jox leen ñu lekk?»
[38] Yeesu laaj leen: «Ñaata mburu ngeen am? Demleen, ngeen xool.»
Bi ñu amee lu leen leer, ñu ne ko: «Am nanu juróomi mburu ak
ñaari jën.» [39] Noonu Yeesu jox ndigal taalibeem yi ñu toogloo
mbooloo mi ci ay géew ci ñax mu naat mi. [40] Noonu ñu toog ci ay
géewi téeméer ak géewi juróom fukk. [41] Yeesu jël juróomi mburu yi
ak ñaari jën yi, yékkëti bëtam yi ci asamaan, barkeel leen, damm
mburu mi, te jox leen taalibeem yi ngir ñu séddale leen. Ñu séddale
tamit ñaari jën yi ci ñépp. [42] Ñépp lekkoon nañu ba regg, [43] ba ñu for
ci fukki pañe ak ñaar yu fees ci ay daggitu mburu ak ay daggitu jën.
[44] Ñi lekkoon ci mburu mi tollu woon nañu ci juróomi junniy góor.

[45] Ci saa si Yeesu duggloo taalibeem yi ci gaal gi ngir ñu jiitu ko ci
beneen wetu dex bi féete ci Betsayda, te moom mu yewwi mbooloo
mi. [46] Gannaaw bi mu tàggatoo ak ñoom, mu yéeg ci tund wi ngir
ñaan. [47] Bi guddi jotee, gaal gi nekkoon na ci diggu dex gi, te Yeesu
moom rekk moo desoon ci suuf si. [48] Mu gis ne taalibeem yi
sonnoon nañu lool ci joow gaal gi, ndaxte ngelaw bi da leen doon
songe kanam. Bi fajar di waaja jot, mu jëm ci ñoom di dox ci kaw
dex gi, ba bëgg leena raw. [49] Bi ñu ko gisee muy dox ci kaw dex gi,
ñu foog ne ab njuuma la. Ñu tàmbali di yuuxu, [50] ndaxte ñépp
gisoon nañu ko, te ñu tiit. Ci saa si Yeesu ne leen: «Takkleen seen
fit. Man laa! Buleen tiit.» [51] Noonu mu yéeg ci gaal gi, fekki leen, te
ngelaw bi dal. Waaru woon nañu lool, [52] ndaxte ràññeewuñu woon
li jëm ci kéemaan yi Yeesu defoon ci mburu yi, waaye seen xol dafa

dëgër.
[53] Bi ñu jàllee dex gi, ñu yegsi ci diiwaanu Senesaret te teer foofu.
[54] Bi ñu génnee ci gaal gi, ci saa si nit ñi xàmme Yeesu. [55] Ñu daw ci
diiwaan bi yépp ngir yégle ñëwam. Fu ñu dégg ne Yeesu mu nga fa,
ñu andi foofu ñi feebar ci seeni basaŋ. [56] Fépp fu Yeesu doon dem,
muy ci gox-goxaat yi, ci dëkk yi, walla ci këru àll yi, dañu doon andi
ñi feebaroon ci pénc dëkk yi te ñu ñaan Yeesu ngir mu may leen, ñu
laal catu yéreem rekk, te ñépp ñi ko laaloon doon nañu wér.

# 7

## Yeesu wax na li andil nit sobe

[1] Ay Farisen ak ay jàngalekati-yoonu-Musaa jóge Yerusalem, daje
ci wetu Yeesu. [2] Ñu gis ñenn ci taalibe yi di lekk te seeni loxo
setuñu, maanaam raxasuñu seeni loxo. [3] Farisen yi ak Yawut yépp
daawuñu woon lekk te raxasuñu seeni loxo ni mu ware. Noonu lañu
doon toppe seeni aaday maam. [4] Saa su ñu jógee ci pénc ba tamit
daawuñu lekk, feek raxasuwuñu ba noppi te dañu doon déggal
yeneen aada yi ñu jot, maanaam raxas ay kaas, ay cin, ak ay ndabu
xànjar. [5] Farisen yi ak jàngalekatu-yoonu-Musaa laaj Yeesu ne: «Lu
tax sa taalibe yi duñu topp sunuy aaday maam? Lu tax ñuy lekk te
seeni loxo setuñu?» [6] Mu ne leen: «Naaféq yi! Esayi waxoon na dëgg
bu wóor bi mu doon wax ci turu Yàlla ci lu jëm ci yeen, ndaxte lii
lañu bind:

*"Askan bii daf may màggal ak seen gémmiñ,*
*waaye seen xol sori na ma.*
[7] *Ci neen lañu may jaamu*
*ndaxte ay ndigalu nit lañuy jàngale*
*jàppe ko samay ndigal."»*

[8] Yeesu yokk ca ne: «Dëddu ngeen ndigalu Yàlla bi ngir sàmm ay

aada nit. 9 Dangeen neenal ndigalu Yàlla bi ngir topp seen aada,
10 ndaxte Musaa waxoon na ne: "*Teralal sa baay ak sa yaay. Ku saaga
baayam walla yaayam nañu ko rey.*" 11 Waaye yeena ngi wax ne: "Ku
wax baayam walla yaayam ne: 'Sama alal bi ma la wara jàppale,
korban la.' (Korban mu ngi tekki sarax bi ñu jébbal Yàlla.) 12 Noonu
dungeen ko bàyyi ngir mu jàppale baayam walla yaayam." 13 Ci
anam boobu ngeen di neenale kàddu Yàlla gi ndax seeni aada yi
ngeen donnante. Te ngeen di def yeneen mbir yu bari yu mel
noonu.»

14 Noonu Yeesu woowaat mbooloo mi te ne leen: «Dégluleen ma
yeen ñépp te ngeen ràññee: 15-16 amul dara luy jóge ci biti tey dugg
ci nit lu koy andil sobe. Waaye liy génn ci nit loolu mooy andil nit
sobe.»

17 Bi Yeesu duggee ci kër gi ba sori mbooloo mi, taalibeem yi laaj
ko mu firi leen léeb boobu. 18 Mu ne leen: «Ndax yeen tamit
ràññeewuleen? Xamuleen ne amul dara luy jóge ci biti te dugg ci
nit, mën ko andil sobe? 19 Loolu du dugg ci xolam waaye ci biiram
ba jàll, génn ci yaramam.» Jaarale ko ci kàddu yooyu daganal na
bépp ñam. 20 Te mu yokk ca ne: «Li génn ci nit loolu moo koy andil
sobe, 21 ndaxte ci biir xolu nit la xalaat yu bon yi di génne: ay séy yu
yoon tere, sàcc, rey nit, 22 njaaloo, bëgge, coxorte, njublaŋ, jubadi,
iñaan, saaga, réy-réylu ak bépp jëfi dof. 23 Yu bon yooyu yépp day
génne ci xolu nit te loolu moo koy andil sobe.»

## Benn jigéen bu nekkul Yawut ñaan na Yeesu mu wéral doomam bu jigéen

24 Gannaaw loolu Yeesu jóge foofu te dem ci diiwaan bi dëkku Tir
nekk. Mu dugg ci benn kër, bëggul woon kenn xam ko, waaye
mënul woon nëbbatu. 25 Naka la Yeesu yegsee rekk, benn jigéen bu
doomam bu jigéen amoon rab dégg ñuy wax ci moom te mu ñëw

daanu ci tànkam yi. 26 Jigéen boobu nekkul woon Yawut. Mu ngi
cosaanoo Fenisi ci réewu Siri. Mu ñaan Yeesu ngir mu dàq rab bi
nekk ci doomam bu jigéen. 27 Yeesu ne ko: «Bàyyil xale yi regg ba
noppi, ndaxte baaxul ñuy jël mburu xale yi, di ko sànnil xaj yi.»
28 Jigéen ji tontu ko ne: «Loolu dëgg la, Boroom bi, waaye xaj yi nekk
ci suufu bérébu lekkukaay bi sax dañuy lekk ruusitu xale yi.» 29 Mu
ne ko: «Ci kàddu googu, demal! Rab bi génn na ci sa doom bu
jigéen.» 30 Bi mu ñibbee këram, mu fekk xale bi tëdd ci lal bi, te rab
bi génn ci moom.

### Yeesu wéral na benn waay bu tëx te dër

31 Noonu Yeesu jóge ci diiwaan bi dëkku Tir nekkoon, jaar ci dëkku
Sidon, jëm ci dexu Galile. Mu jàll ci diiwaan bi ñuy woowe fukki
dëkk yi. 32 Foofu ñu andil ko benn waay bu tëx te dër. Ñu ñaan
Yeesu ngir mu teg ko ay loxoom. 33 Yeesu yóbbu waa ji ba mu sori
mbooloo mi, mu jël baaraamam yi, fatt ko ci noppi waa ji, tifli, te
laal làmmiñu waa ji. 34 Noonu mu yékkëti bëtam yi ci asamaan,
noyyi, te ne: «Effata,» luy tekki ne «ubbeekul.» 35 Ci saa si noppi waa
ji ubbeeku, làmmiñam yewweeku te mu tàmbali di wax lu leer.
36 Yeesu dénk ñi fa nekkoon ñu bañ ko wax kenn, waaye lu mu leen
gën di dénk, ñu koy gën di siiwal. 37 Nit ñi waaru woon nañu lool tey
ne: «Def na lépp mu baax. Mu ngi déggloo sax ñi tëx tey waxloo ñi
luu.»

## 8

### Yeesu dundal na ñeenti junni góor te artu taalibeem yi

1 Ci bés yooyu mbooloo mu takku dajaloowaat, wër Yeesu te
amuñu woon lu ñuy lekk. Mu woo taalibeem yi te ne leen: 2 «Damaa
yërëm mbooloo mi, ndaxte ñetti fan a ngi ñu nekk ak man te
amuñu dara lu ñuy lekk. 3 Su ma leen yewwee ñu ñibbi ak xiif, seen

néew doole dina leen daaneel ci yoon bi, ndaxte ñenn ñi fu sori
lañu jóge.» [4] Taalibeem yi tontu ko ne: «Fan lanuy jële mburu ci
màndiŋ bii ngir dundal nit ñii?» [5] Yeesu laaj leen ne: «Ñaata mburu
ngeen am?» Ñu tontu ko: «Juróom ñaar.» [6] Noonu mu jox ndigal
mbooloo mi ñu toog ci suuf si. Mu jël juróom ñaari mburu yi, sant
Yàlla, damm leen, te jox leen taalibeem yi ngir ñu séddale leen. Ñu
daldi leen séddale mbooloo mi. [7] Amoon na tamit ay jën yu ndaw.
Yeesu daldi leen barkeel te mu waxaat taalibeem yi ñu séddale leen
tamit. [8] Ñépp lekkoon nañu ba regg, te ñu for ci juróom ñaari pañe
yu fees ci daggit yi desoon. [9] Amoon na foofu lu tollook ñeenti
junniy góor. Noonu Yeesu yewwi leen. [10] Ci saa si mu yéeg ci gaal,
moom ak taalibeem yi, te ñu dem diiwaanu Dalmanuta.
[11] Farisen yi yegsi te tàmbale werante ak Yeesu. Ñu laaj ko
kéemaan buy firndeel ne ci asamaan lay jële kàttanam ngir fiir ko.
[12] Yeesu noyyi bu baax te ne: «Lu tax niti jamono jii di laaj
màndarga? Ci dëgg maa ngi leen koy wax, duñu leen jox benn
màndarga.» [13] Ci kaw loolu Yeesu bàyyi leen fa, yéegaat ci gaal gi te
jëm ci beneen wetu dex gi.
[14] Taalibe yi fàtte woon nañu yóbbaale mburu. Benn mburu rekk
lañu amoon ci gaal gi. [15] Yeesu jox leen ndigal bii: «Xoolleen!
Moytuleen lawiiru Farisen yi ak bu Erodd.» [16] Taalibe yi di werante
ci seen biir naan: «Li nu amul mburu moo tax muy wax loolu.»
[17] Yeesu xam loolu te ne leen: «Lu tax ngeen di werante ci li ngeen
amul mburu? Ràññeewuleen ba léegi walla seen xam-xam dafa
tëju? Ndax seeni xol dafa dëgër? [18] Ndax dangeen am ay bët te
gisuleen? Ndax dangeen am ay nopp te dégguleen? Ndax
fàttalikuwuleen? [19] Bi ma dammee juróomi mburu yi ngir juróomi
junni góor ya, ñaata pañe ci daggit yi desoon ngeen yóbbu woon?»
Ñu ne ko: «Fukk ak ñaar?» [20] «Te bi ma dammee juróom ñaari

mburu yi ngir ñeenti junni góor ya, ñaata pañe yu fees ak daggit
ngeen ci yóbbu woon?» Ñu ne ko: «Juróom ñaar.» [21] Noonu Yeesu
ne leen: «Ràññeewuleen ba léegi?»

### Yeesu wéral na benn gumba ci dëkku Betsayda

[22] Yeesu ak taalibeem yi yegsi nañu dëkku Betsayda. Foofu ñu
andil ko benn waay bu gumba. Ñu ñaan ko ngir mu laal ko. [23] Noonu
Yeesu jàpp loxo gumba bi te wommat ko ba ñu génn dëkk bi. Mu
tifli ci bëti gumba bi, teg ko ay loxoom, te laaj ko ne: «Ndax yaa ngi
gis dara?» [24] Gumba bi yékkëti bëtam yi te ne ko: «Maa ngi gis ay nit
yu mel ni ay garab yuy dox.» [25] Noonu Yeesu tegaat loxoom yi ci
bëti gumba bi, bëtam yi ubbeeku, mu wér, te mu gis lu leer. [26] Yeesu
ne ko: «Ñibbil te bul duggaat ci dëkk bi.»

### Yeesu mooy Almasi bi te war na sonn te dee

[27] Yeesu ànd ak taalibeem yi, jëm ci gox yi wër Sesare bu Filib. Ci
yoon bi mu tàmbali di leen laaj ne: «Nit ñi kan lañuy wax ne moom
laa?» [28] Ñu tontu ko ne: «Am na ñuy wax ne yaw yaay Yaxya. Ñii ne
yaw yaay Ilyaas. Ñi ci des ne kenn ci yeneen yonent yi.» [29] Mu laaj
leen: «Yeen nag, kan ngeen wax ne moom laa?» Piyeer tontu ko ne:
«Yaw yaay Almasi bi.» [30] Mu dénk leen ngir ñu bañ ko wax kenn.
[31] Noonu mu tàmbali di leen jàngal ne: «Fàww Doomu nit ki sonn
lool. Noonu mag ñi, njiiti-jébbalkati-sarax yi, ak jàngalekati-yoonu-
Musaa dëddu ko, rey ko, te mu dekki ci ñetteelu fan ba.» [32] Doon na
wax loolu ci ay kàddu yu leer. Noonu Piyeer woo ko, wéetoo ak
moom, tàmbali di ko yedd. [33] Waaye mu walbatiku, daldi xool
taalibeem yi, mu gëdd Piyeer ak doole naan: «Sori ma Seytaane, jàll
ci sama gannaaw, ndaxte du yëfi Yàlla ngay xalaat waaye yëfi nit
ngay xalaat.»
[34] Noonu mu woo mbooloo mi ak taalibeem yi te ne leen: «Ku ma

bëgga topp, na bàyyi boppam, nangu daj lu metti, te doora topp ci
man. [35] Ndaxte ku bëgga musal sa bakkan dinga ko ñàkk, waaye ku
ñàkk sa bakkan ndax man ak xibaar bu baax bi, dinga ko musal.
[36] Lu muy jériñ nit su fekkee day moom àddina si yépp te ñàkk
bakkanam? [37] Amul dara lu nit mëna joxe ngir jotaat dundam. [38] Ku
ma rusa seedeel, te rusa seede samay kàddu ci kanamu niti jamono
jii di mooy Yàlla tey bàkkaar, Doomu nit ki dina la rusa xam tamit
bés bi muy ñëw ci màggaayu Baayam ànd ak malaaka yu sell yi.»

## 9

[1] Te mu yokk ca ne: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax, am na ñoo xam
ne ñu ngi fii; duñu dee mukk te gisuñu nguuru Yàlla gi ñëw ak
kàttan.»

### Melokaanu Yeesu soppeeku na ci kaw tund bi

[2] Juróom benni fan gannaaw loolu, Yeesu jël Piyeer, Saak, ak
Yowaana te mu yóbbu leen ci kaw tund bu kawe lool, beru ak ñoom
kese. Xar-kanamam soppeeku ci seen kanam [3] te ay yéreem di
melax weex tàll. Kenn ci àddina si mënu leen woona weexale
noonu. [4] Ilyaas ak Musaa feeñu leen di waxtaan ak Yeesu. [5] Noonu
Piyeer wax Yeesu: «Jàngalekat bi, baax na ngir nu des fii. Nanu
defar ñetti mbaar: benn ngir yaw, benn ngir Musaa, ak benn ngir
Ilyaas.» [6] Piyeer xamul woon li muy wax ndaxte tiitange da leen
jàppoon. [7] Benn niir daldi ñëw, muur leen te baat jóge ci niir bi ne:
«Kii mooy sama doom ji ma sopp. Dégluleen ko.» [8] Ci saa si taalibe
yi di xool ci seen wet, gisatuñu kenn ku dul Yeesu rekk ak ñoom.
[9] Bi ñuy wàcc tund bi, Yeesu sant leen ngir ñu baña nettali kenn li
ñu gisoon ba keroog Doomu nit ki di dekki ci biir ñu dee ñi. [10] Ñu
jàpp wax jooju di laajante ci seen biir ngir xam li dekki ci ñu dee ñi
di tekki.

[11] Te taalibe yi laaj ko ne: «Lu tax jàngalekati-yoonu-Musaa di wax
ne Ilyaas fàww mu jëkka ñëw?» [12] Yeesu tontu leen ne: «Waaw,
Ilyaas war na jëkka ñëw, yeesalaat lépp. Waaye lu tax Mbind mi
waxaat tamit ne Doomu nit ki fàww mu sonn lool te dinañu ko
xeeb? [13] Waaye maa ngi leen koy wax, Ilyaas ñëw na ba noppi te def
nañu ko lu leen neex, ni ko Mbind mi waxe ci lu jëm ci moom.»

### Yeesu wéral na benn xale bu góor bu rab jàppoon

[14] Bi Yeesu, Piyeer, Saak, ak Yowaana ñëwaatee ci wetu yeneen
taalibe yi, ñu gis mbooloo mu takku ci li leen wër te jàngalekati-
yoonu-Musaa di werante ak ñoom. [15] Bi ñu gisee Yeesu mbooloo mi
daldi waaru te daw di ko nuyu. [16] Yeesu laaj taalibeem yi ne: «Lan
ngeen doon werante ak ñoom?» [17] Kenn ci mbooloo mi tontu ko ne:
«Jàngalekat bi, dama la andil sama doom. Dafa am rab bu ko
muumaloo. [18] Rab bi mën na ko jàppe fu nekk, mu daaneel ko ci suuf
te gémmiñu xale bi di fuur, muy yéy bëñam yi te yaramam wow.
Ñaan naa sa taalibe yi ngir ñu dàq rab bi, waaye mënuñu ko.»
[19] Yeesu daldi jël kàddu gi te ne leen: «Yeen niti jamono jii, ñi amul
ngëm. Ba kañ laay nekk ak yeen te di leen muñal? Andilleen ma
xale bi.» [20] Ñu andil ko xale bi. Bi rab bi gisee Yeesu, ci saa si mu
daaneel xale bi ci suuf, muy bërëŋu te fuurit yi di génn ci
gémmiñam. [21] Yeesu laaj pàppaam: «Kañ la ko lii dal?» Pàppaam
tontu ko ne: «Bi mu nekkee gone ba tey, [22] te yenn saay da koy
daaneel ci xal walla ci ndox ngir rey ko. Waaye su fekkee ne mën
nga cee def dara, yërëm nu te nga dimbali nu.» [23] Yeesu ne ko: «Lu
tax nga ne "Soo ci mënee def dara"? Lépp mën na nekk ci ki gëm.»
[24] Ci saa si pàppa xale bi daldi yuuxu, naan: «Gëm naa, waaye
dimbale ma, sama ngëm dafa tuuti.» [25] Yeesu gis mbooloo mi di
yokku. Mu gëdd rab bi te ne ko: «Rab biy tere wax ak dégg, maa ngi
lay jox ndigal, génnal ci xale bi te bul duggaat mukk ci moom.»

[26] Rab bi sayloo xale bi ak doole, di yuuxu, te génn ci moom. Xale bi
meloon na ni ku dee, te ñenn ñi doon wax ne: «Dee na.» [27] Waaye
Yeesu jàpp loxoom, yékkëti ko, te mu taxaw.
[28] Bi Yeesu duggee ci kër gi te taalibe yi nekk ak moom kese, ñu
laaj ko: «Lu tax nun mënunu dàq rab bi?» [29] Yeesu ne leen: «Ci ñaan
rekk lañu mëna génne rab yu mel nii.»

### Njàngale ngir nekk taalibe Yeesu

[30] Bi ñu jógee ci béréb boobu, ñu jàll ci diiwaanu Galile. Yeesu
bëggul woon kenn xam ne mu ngi foofu, [31] ndaxte da doon jàngal
taalibeem yi di leen wax ne: «Dinañu jébbal Doomu nit ki ci loxoy
nit ñi, dinañu ko rey, te ñetti fan gannaaw deewam, dina dekki.»
[32] Waaye kàddu yooyu leerul ci ñoom te ragal nañu ko cee laaj.
[33] Noonu ñu yegsi Kapernawum. Bi ñu duggee ci kër gi, Yeesu laaj
taalibeem yi: «Lan ngeen doon waxtaan ci yoon bi?» [34] Waaye ñu
noppi, ndaxte ci yoon bi, dañu doon werante ba xam kan moo gëna
màgg ci ñoom. [35] Yeesu daldi toog, woo fukk yi ak ñaar, te ne leen:
«Ku bëgga jiitu, na nekk ci gannaaw ñépp ak surga ñépp.» [36] Noonu
mu jël benn xale te teg ko ci seen biir. Gannaaw bi mu ko laxasoo,
mu ne leen: [37] «Ku nangu xale bu mel ni kii ci sama tur, man mii la
nangu, te ku ma nangu, du man rekk nga nangu, waaye nangu nga
tamit ki ma yónni.»
[38] Yowaana ne ko: «Jàngalekat bi, gis nanu benn waay buy dàq ay
rab ci sa tur, te nu ngi ko doon jéema tere, ndaxte àndul ak nun.»
[39] Waaye Yeesu tontu leen ne: «Buleen ko ko tere, ndaxte kenn
mënula def ay kéemaan ci sama tur ba noppi di wax lu ñaaw ci
man, [40] ndaxte ku nu xeexul, ci nun la far. [41] Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, képp ku leen jox ab kaasu ndox ndax li ngeen bokk ci
Almasi bi, du ñàkk neexalam mukk.
[42] «Te ku bàkkaarloo kenn ci ñi gëna ndaw ci ñi gëm ci man, kooku

ñu takk xeer bu réy ci baatam te ñu sànni ko ci biir géej gi mooy
gën ci moom. 43-44 Bu la sa loxo di xiir ci bàkkaar, dagg ko, ndaxte
nga dugg ci dund gu wóor gi ak benn loxo, moo gën nga am ñaari
loxo te ñu sànni la ci safara su dul fey mukk. 45-46 Bu la sa tànk di xiir
ci bàkkaar, dagg ko, ndaxte nga dugg ci dund gu wóor gi ak benn
tànk moo gën nga am ñaari tànk te ñu sànni la ci safara. 47 Te bu la
sa bët di xiir ci bàkkaar lóqati ko, ndaxte nga dugg ci nguuru Yàlla
gi ak benn bët moo gën nga am ñaari bët te ñu sànni la ci safara.
48 Foofu sax yi duñu dee te safara si du fey mukk. 49 Ndaxte Yàlla
dina setal ñépp ci safara, ni xorom di setale. 50 Xorom lu baax la,
waaye su xorom bi ñàkkee cafkaam, naka lañu koy sàppalee?
Amleen xorom te ngeen dund jàmm ci seen biir.»

## 10

### Yeesu mu ngi jàngale ci lu jëm ci tas séy

1 Yeesu jóge foofu te dem ci diiwaanu Yude ci wàll bi féete ci
beneen wetu dexu Yurdan. Mbooloo mu takku dajaloowaat, wër ko,
te mu tàmbali di leen jàngal ni mu ko tàmme di def. 2 Ay Farisen
jegesi Yeesu ngir fiir ko. Ñu laaj ko ne: «Ndax sunu yoon bi may na
góor mu fase jabaram?» 3 Yeesu tontu leen ne: «Lan la leen Musaa
sant?» 4 Ñu tontu ne: «Musaa may na góor mu bind ab bataaxal ngir
fase jabaram.» 5 Yeesu ne leen: «Seen dëgëraayu xol moo tax Musaa
bindal leen ndigal boobu, 6 waaye ci njàlbéenu àddina, Yàlla *sàkkoon*
*na nit, góor ak jigéen.* 7 *Loolu moo tax góor dina bàyyi pàppaam ak*
*yaayam ngir taq ci jabaram,* 8 *te ñoom ñaar ñu doon benn.* Noonu
nekkatuñu ñaar waaye benn lañuy doon. 9 Kon nag li Yàlla boole, bu
ko nit tas.»

10 Bi ñu delloo ci kër ga, taalibe yi tàmbale di laaj Yeesu ci mbir
moomu. 11 Mu ne leen: «Ku fase sa jabar te takk beneen jigéen,

njaaloo nga te tooñ nga ku jëkk ki. 12 Te bu jigéen tasee ak jëkkëram
te séyaat ak beneen góor, njaaloo na.»

### Yeesu mu ngi jàngale ci li am solo ci nguuru Yàlla gi

13 Amoon na ñu ñëw, andil Yeesu ay gone ngir mu teg leen loxo,
waaye taalibe yi di leen gëdd. 14 Bi Yeesu gisee loolu mu daldi mer
te ne taalibeem yi: «Bàyyileen gone yi ñu ñëw ci man. Buleen leen
tere, ndaxte ñu mel ni ñoom ñoo moom nguuru Yàlla gi. 15 Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, képp ku nanguwul nguuru Yàlla gi ni gone
doo ci dugg mukk.» 16 Noonu Yeesu laxasu gone yi, teg leen loxo te
barkeel leen.

17 Bi Yeesu di dem, benn waay di daw, di ñëw, sukk ci kanamam, te
laaj ko ne: «Jàngalekat bu baax bi, lan laa wara def ngir am dund gu
dul jeex gi?» 18 Yeesu tontu ko ne: «Lan moo tax nga may woowe ku
baax? Kenn baaxul ku dul Yàlla rekk. 19 Xam nga ndigal yi: *bul rey
nit, bul njaaloo, bul sàcc, bul seede lu dul dëgg, bul tooñ kenn jaarale ko ci
nax, teralal sa baay ak sa yaay.*» 20 Waa ji ne ko: «Jàngalekat bi, ndigal
yooyu yépp, sàmm naa leen bi ma nekkee ndaw ba léegi.» 21 Yeesu
xol ko, bëgg ko, te ne ko: «Lenn rekk moo la dese. Demal nga jaay
lépp li nga am, séddale ko néew-di-doole yi. Noonu dinga am alal ci
asamaan, te nga ñëw topp ci man.» 22 Waaye bi waa ji déggee kàddu
yooyu, kanamam soppeeku, te mu dem, ànd ak tiis ndaxte dafa bari
woon alal lool.

23 Yeesu xool taalibe yi ko wër te ne leen: «Lu jafe ngoogu ngir
boroom alal dugg ci nguuru Yàlla!» 24 Taalibe yi daldi waaru ci
kàddu yooyu, waaye Yeesu waxaat leen ne: «Samay doom, dugg ci
nguuru Yàlla gi, lu jafe la. 25 Giléem jaar ci bën-bënu puso moo gëna
yomb boroom alal dugg ci nguuru Yàlla.» 26 Taalibe yi gëna jaaxle
tey wax ci seen biir ne: «Kon nag, kan moo mëna mucc?» 27 Yeesu
xool leen te ne leen: «Loolu të na nit waaye tëwul Yàlla, ndaxte

Yàlla mën na lépp.»
28 Noonu Piyeer ne ko: «Xoolal! Nun, bàyyi nanu lépp ngir topp
la.» 29 Yeesu tontu ko ne: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax, képp ku
bàyyi këram, ay magam, ay rakkam, yaayam, pàppaam, ay
doomam, walla ay suufam ndax man ak xibaar bu baax bi, 30 dina jot
lu ëpp loolu téeméeri yoon ci jamono jii: ay kër, ay mag, ay rakk,
yaay, baay, ay doom, ak ay suuf, ànd ak fitna. Ci jamono jee di ñëw
tamit dina am dund gu dul jeex gi. 31 Waaye ñu bari ci ñi jiitu léegi
dinañu mujje. Te ñu bari ci ñi mujje léegi dinañu jiitu.»

### Doomu nit ki dafa ñëw ni surga

32 Yeesu jiite woon na taalibeem yi ci yoon ngir ñu dem
Yerusalem. Taalibe yi jaaxle woon nañu te ñi ci toppoon tiitoon
nañu. Foofu Yeesu jëlaat fukk yi ak ñaar, ber leen, te mu tàmbali di
leen wax ci li ko naroona dal. 33 «Dégluleen! Nu ngi ci yoonu
Yerusalem. Foofu dinañu jébbal Doomu nit ki ci loxoy njiiti-
jébbalkati-sarax yi ak jàngalekati-yoonu-Musaa. Dinañu ko teg
daanu dee te jébbal ko ci loxoy ñi nekkul Yawut. 34 Dinañu ko
ñaawal, tifli ko, dóor ko ay yar ba noppi, rey ko, te ci ñetteelu fan
ba, mu dekki.»
35 Noonu Saak ak Yowaana, ñiy doomu Sebede, ñëw ci wetu Yeesu
te ne ko: «Jàngalekat bi, danoo bëgg nga defal nu li nu la bëgga
ñaan.» 36 Mu ne leen: «Lan ngeen bëgg ma defal leen ko?» 37 Ñu
tontu ko ne: «May nu, boo nekkee ci sa màggaay, nu toog, kenn ki
ci sa ndeyjoor, keneen ki ci sa càmmoñ.» 38 Waaye Yeesu ne leen:
«Xamuleen li ngeen di ñaan. Ndax mën ngeena naan kaas bi ma
nara naan? Walla ñu sóob leen sóob bi ñu ma nara sóob?» 39 Ñu
tontu ko ne: «Waaw, mën nanu ko.» Noonu Yeesu ne leen: «Kaas bi
ma nara naan, dingeen ci naan, te sóob bi ñu ma nara sóob, dinañu
leen ko sóob. 40 Waaye nag ngir toog ci sama ndeyjoor walla ci sama

càmmoñ, du man maa koy maye. Béréb yooyu ñi leen Yàlla jagleel,
ñoo leen moom.»
[41] Bi fukk yi des déggee loolu, ñu daldi mere Saak ak Yowaana.
[42] Noonu Yeesu woo leen, ñoom ñépp, ci wetam te ne leen: «Xam
ngeen ne ñi ñuy xoole ni njiiti xeet yi dañuy not seeni askan, te
kilifa yi di jëfe ak sañ-sañ ci ñoom. [43] Waaye yeen, warul deme
noonu ci seen biir. Waaye ku bëgga nekk màgg ci seen biir, na nekk
seen surga, [44] te ku bëgga jiitu ci seen biir, na nekk jaamu ñépp.
[45] Ndaxte Doomu nit ki ñëwul ngir ñu nekk ay surgaam, waaye ngir
mu nekk surga te joxe bakkanam ngir fey boru bàkkaaru ñu bari.»

### Yeesu wéral na gumba bu tudd Bartime

[46] Yeesu ak taalibeem yi yegsi nañu ci dëkku Yeriko. Bi ñu génnee
dëkk bi ànd ak mbooloo mu takku, foofu amoon na benn gumba bu
tudd Bartime, di doomu Time. Toogoon na ci wetu yoon bi di
yelwaan. [47] Bi mu déggee ne Yeesu mu Nasaret la, mu tàmbali
yuuxu naan: «Yeesu sëtu Daawuda, yërëm ma.» [48] Ñu bari di ko
gëdd ngir mu noppi. Waaye mu gëna yuuxu naan: «Sëtu Daawuda,
yërëm ma.» [49] Yeesu daldi taxaw, te ne: «Wooleen ko.» Ñu woo
gumba bi te ne ko: «Takkal sa fit te nga jóg; mu ngi lay woo.»
[50] Noonu mu sànni mbubbam, daldi ne bërét te ñëw ci Yeesu.
[51] Yeesu ne ko: «Loo bëgg ma defal la?» Gumba bi ne ko: «Jàngalekat
bi, damaa bëgga gisaat.» [52] Yeesu ne ko: «Demal, sa ngëm musal na
la.» Ci saa si mu gisaat te topp Yeesu ci yoon bi.

## 11

### Ay nit yu bari ñu ngi xumbal duggu Yeesu ci Yerusalem

[1] Yeesu ak taalibeem yi jegesi nañu Yerusalem. Bi ñu yegsee dëkku
Betfase ak bu Betani ci wetu tund bi ñuy woowe tundu Oliw ya, mu
yónni ñaar ci taalibeem yi [2] ne leen: «Demleen ci gox bi nekk ci seen

kanam. Su ngeen fa duggee, dingeen fekk benn mbaam bu ndaw bu
ñu yeew bu kenn mësula yéeg. Yewwileen ko ngeen andi ko fii, 3 te
bu leen kenn laajee: "Lu tax ngeen di def loolu?", neleen ko:
"Boroom bi moo ko soxla te léegi mu delloosi ko."» 4 Noonu ñu dem
te fekk benn mbaam bu ndaw bu ñu yeew ci wetu benn bunt ci
mbedd mi. Ñu yewwi ko. 5 Yenn nit yi nekkoon foofu ne leen: «Lan
ngeen di def nii? Lu tax ngeen di yewwi mbaam mi?» 6 Ñu tontu
leen ni ko Yeesu waxe woon te ñu bàyyi leen ñu dem. 7 Noonu ñu
andil Yeesu mbaam mi te teg seeni yére ci kaw mbaam mi, te Yeesu
daldi toog ci kaw. 8 Nit ñu bari di lal seen yére yi ci yoon bi; ñeneen
ñi di lal ay caru garab yu naat yu ñu dagge woon ci tool yi. 9 Ñi jiitu
woon Yeesu ak ñi ko doon topp di yuuxu naan:

«*Osaana!*

*Na Yàlla barkeel kiy ñëw ci turu Boroom bi!*

10 Na Yàlla Barkeel nguuru Daawuda sunu maam biy ñëw.

Osaana ci asamaan yi gëna kawe!»

11 Yeesu dugg na Yerusalem te dem ci ëttu kër-Yàlla gi. Gannaaw
bi mu xoolee lépp li ko wër, mu dem Betani ak fukk ak ñaar yi
ndaxte guddee woon na.

## Yeesu móolu na benn garabu gaŋ te dàq jaaykat yi ci kër-Yàlla gi

12 Ci ëllëg sa bi ñu jóge Betani, Yeesu xiif. 13 Mu gis fu sori garabu
gaŋ bu amoon ay xob. Mu dem di xool ndax dina fa fekk ay
meññeef, waaye bi mu fa yegsee fekku fa lu dul ay xob ndaxte
nekkul jamono bi gaŋ yi di am meññeef. 14 Noonu Yeesu wax garabu
gaŋ bi: «Bu kenn lekkati say meññeef ba fàww!» Te taalibeem yi
dégg li mu wax.

15 Ñu yegsi Yerusalem. Yeesu dugg ci ëttu kër-Yàlla gi. Noonu mu
tàmbali di dàq ñi doon jaay ak ñi doon jënd ci ëttu kër-Yàlla gi. Mu

daaneel taabali wéccikatu xaalis yi ak toogukaayu jaaykatu pitax yi,
[16] te mayul kenn mu yóbbu dara ci ëttu kër-Yàlla gi. [17] Da leen doon
jàngal te ne leen: «Mbind mi nee na: *"Sama kër dinañu ko woowe këru
ñaanukaay ngir xeet yi yépp,"* waaye yeen def ngeen ko *këru sàcc yi.*»
[18] Noonu njiiti-jébbalkati-sarax yi ak jàngalekati-yoonu-Musaa dégg
ko te ñuy wut ni ñuy reye Yeesu. Ragaloon nañu ko, ndaxte
mbooloo mi yépp da yéemu woon ci njàngaleem. [19] Bi muy waaja
guddi, Yeesu ak taalibeem yi génn dëkk bi.
[20] Ci ëllëg sa, suba teel, bi ñuy romb, ñu gis garabu gaŋ bi wow
koŋŋ ba ci reen yi. [21] Piyeer fàttaliku li xewoon te mu ne Yeesu:
«Jàngalekat bi, xoolal! Garabu gaŋ bi nga móolu woon wow na
koŋŋ.» [22] Noonu Yeesu ne taalibeem yi: «Gëmleen ci Yàlla. [23] Ci dëgg
maa ngi leen koy wax: bu kenn waxee tund wii "Jógal fii te nga
daanu ci géej gi," te amul benn sikki-sàkka ci xolam waaye mu gëm
ne li mu wax dina am, noonu Yàlla dina ko ko may. [24] Loolu moo tax
maa ngi leen koy wax: lépp lu ngeen ñaan Yàlla, gëmleen ne jot
ngeen ko, te moom dina leen ko may. [25-26] Te sungeen taxawee ngir
ñaan, fekk jàppal ngeen nit dara, baalleen ko, ngir seen Baay bi
nekk ci asamaan baal leen tamit seeni bàkkaar.»

### Njiiti Yawut yi laaj nañu Yeesu ci sañ-sañam

[27] Yeesu ak taalibeem yi dellu Yerusalem. Ci bi Yeesu di doxantu ci
ëttu kër-Yàlla gi, njiiti-jébbalkati-sarax yi, jàngalekati-yoonu-
Musaa ak mag ñi ñëw ci moom. [28] Ñu laaj ko ne: «Ci ban sañ-sañ
ngay defe mbir yii? Ak kan moo la jox sañ-sañ ngir nga def leen?»
[29] Noonu Yeesu tontu leen ne: «Man tamit, am naa benn laaj ngir
yeen. Tontuleen ma te dinaa leen wax ci ban sañ-sañ laay defe mbir
yii. [30] Li Yaxya doon def, di sóob nit ñi ci ndox, fan la ko jële, ci Yàlla
walla ci nit? Tontuleen ma.» [31] Noonu ñu tàmbali di waxtaan ci seen
biir naan: «Lan lanu wara wax? Bu nu ne "ci Yàlla la ko jële," dina

wax "Lu tax yeen gëmuleen ko?" [32] Waaye bu nu ne "ci nit la ko
jëlee," nu muy deme?» Ñoom, dañoo ragaloon mbooloo mi, ndaxte
ñépp jàpp nañu ne Yaxya yonent bu dëggu la woon. [33] Noonu ñu
tontu Yeesu ne: «Xamunu fan la ko jële.» Yeesu tontu leen ne:
«Man tamit duma leen wax ci ban sañ-sañ laay defe mbir yii.»

## 12

[1] Gannaaw loolu Yeesu tàmbali di leen nettali beneen léeb: «Dafa
amoon benn waay bu jëmbët toolu reseñ. Mu wërale ko ak miir, gas
fa nalukaayu reseñ, te tabax wottukaay. Noonu mu batale ko ay
beykat te tukki. [2] Bi waxtu góob bi jotee, mu yónni benn surga ci
beykat yi ngir ñu jox ko wàllam ci meññeef bi, [3] waaye ñu jàpp ko,
dóor ko, te dàq ko loxoy neen. [4] Boroom tool bi yónniwaat beneen
surga. Kooku beykat yi dóor ko ci bopp te saaga ko. [5] Boroom tool bi
yónniwaat ñetteelu surga. Kooku ñu rey ko. Te def ñeneen ñu bari
noonu: ñu dóor ñenn ñi te rey ñeneen ñi. [6] Mu dese ko benn
doomam rekk bi mu sopp. Moom la mujje yónni, naan: "Dinañu jox
cér sama doom." [7] Waaye beykat yi di wax ci seen biir ne: "Ki wara
donn tool bi mu ngi ñëw. Ñëwleen, nu rey ko te nu moom tool bi."
[8] Noonu ñu jàpp ko, rey ko, te sànni ko ci biti.» [9] Noonu Yeesu laaj ñi
ko doon déglu: «Naka la boroom tool bi nara def? Dina ñëw, rey
beykat yooyu, te dénk tool bi yeneen nit.»

[10] Yeesu yokk ca ne: «Xanaa jànguleen ci Mbind mi lii:

*"Doj bi tabaxkat yi sànni woon*
*mujj na nekk doj bi ëpp solo ci tabax bi.*
[11] *Boroom bi moo def loolu,*
*te lu yéeme la ci sunuy bët"?»*

[12] Njiiti Yawut yi doon ko wuta jàpp, ndaxte xamoon nañu ne léeb
bi mu doon wax ngir ñoom la, waaye ragaloon nañu askan bi.

Noonu ñu bàyyi ko fa te dem.

## Njiiti Yawut yi ñu ngi jéema fiir Yeesu ci lu jëm ci feyub lempo

[13] Noonu njiiti-jébbalkati-sarax yi, jàngalekati-yoonu-Musaa, ak
mag ñi yónnee ci wetu Yeesu ñenn ñu bokk ci tarixa Farisen ak
ñenn ñu far ak Erodd ngir ñu fiir ko ci kàddu. [14] Ñu ñëw te wax ko
ne: «Jàngalekat bi, xam nanu ne dëgg ngay wax. Ragaloo nit te doo
àtte nit ci melokaanam. Waaye dangay jàngale yoonu Yàlla ci dëgg.
Ndax yoonu Musaa maye na walla déet ñuy fey lempo Sesaar? Nu
fey ko walla nu bañ ko fey?» [15] Waaye Yeesu xam seen naaféq, ne
leen: «Lu tax ngeen may fiir? Andilleen ma xànjaru xaalis ngir ma
gis ko.» [16] Ñu andil ko xànjaru xaalis bi, te Yeesu laaj leen: «Nataal
ak mbind mi ci nekk, kan mooy boroom?» Ñu ne ko: «Sesaar.»
[17] Yeesu daldi leen ne: «Joxleen Sesaar li Sesaar moom te ngeen jox
Yàlla li Yàlla moom.» Waaru woon nañu lool.

## Laaj nañu Yeesu ci ndekkitelu ñu dee ñi

[18] Ñenn ñi bokk ci tarixa Sadusen yi ñëw ci wetu Yeesu. Ñoom
gëmuñu woon ne ndekkite am na. Ñu ne ko: [19] «Jàngalekat bi,
Musaa ci mbindam dafa nu jox ndigal ne *su fekkee dafa am benn waay
bu magam dee* te bàyyi jabar waaye *amul doom, waa jooju dafa wara
takk ku jigéen ki ngir amal ko doom.* [20] Léegi nag, dafa amoon juróom
ñaari góor yu bokk ndey ak baay. Taaw bi takk jabar, dee, te amul
doom. [21] Ñaareel ba takk ku jigéen ki, daldi dee, te amul doom.
Ñetteel ba noonu, [22] ba juróom ñaar yépp dee te amuñu doom.
Gannaaw loolu ku jigéen ki moom tamit dee. [23] Ci ndekkitel bi, bu
ñu dekkee ci ñu dee ñi, jabaru kan lay doon ci juróom ñaar yi,
ndaxte ñoom ñépp takkoon nañu ko?» [24] Yeesu ne leen: «Ndax du li
ngeen xamul Mbind mi ak kàttanu Yàlla moo tax ngeen nekk ci
njuumte? [25] Ndaxte bu ñu dekkee ci ñu dee ñi, góor du takk jabar te

jigéen du am jëkkër, waaye dinañu mel ni malaaka yi ci asamaan.
[26] Ci lu jëm ci ndekkitelu ñu dee ñi, xanaa mësuleen jàng ci téere
Musaa lu jëm ci garab bi doon tàkk? Foofu Yàlla waxoon na Musaa
ne: "*Man maay Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa, ak Yàllay Yanqóoba.*"
[27] Yàlla nekkul Yàllay ñi dee waaye Yàllay ñiy dund. Ci dëgg,
dangeena nekk ci njuumte.»

### Yeesu jàngal na nit ñi ci ndigal bi ëpp solo

[28] Benn jàngalekatu-yoonu-Musaa déggoon na Yeesu di waxtaan
ak Sadusen yi. Mu gis ne Yeesu tontu na leen bu baax. Noonu mu
laaj ko ne: «Ban ndigal moo ëpp solo ci ndigal yi yépp?» [29] Yeesu
tontu ko ne: «Ndigal bi ëpp solo mooy bii: "*Déglul, Israyil, Boroom bi
sunu Yàlla kenn la.* [30] *Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, sa
bakkan bépp, sa xel mépp, ak sa kàttan bépp.*" [31] Te ndigal bii moo ci
topp: "*Nanga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.*" Amul benn ndigal
bu ëpp solo ñaar yooyu.»

[32] Jàngalekatu-yoonu-Musaa bi wax Yeesu ne: «Baax na, jàngalekat
bi. Li nga wax dëgg la. Boroom bi Yàlla kenn la, te amul keneen ku
dul moom. [33] Te nga bëgg ko ak sa xol bépp, sa xam-xam bépp, ak sa
kàttan bépp te nga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp, loolu
moo ëpp saraxu mala yépp ak yeneen xeetu sarax yépp.» [34] Yeesu
gis ne tontu na ak xam-xam. Mu ne ko: «Soriwoo nguuru Yàlla gi.»
Gannaaw loolu kenn ñemeetu ko woon laaj dara.

### Almasi bi, doomu kan la?

[35] Noonu bi Yeesu doon jàngale ci ëttu kër-Yàlla gi, mu laajte ne:
«Jàngalekati-yoonu-Musaa, naka lañu mëna waxe ne Almasi bi sëtu
Daawuda la? [36] Ndaxte Daawuda ci boppam ci kàttanu Xel mu Sell
mi ne na:

*"Yàlla Aji-Sax ji nee na sama Boroom:*

*'Toogal ci sama ndeyjoor*
*ba ma daaneel say noon*
*fi ngay teg say tànk.'"*
37 Daawuda ci boppam woowe na Almasi bi Boroomam. Kon nag,
naka la Almasi bi mëna nekke sëtu Daawuda?» Foofu amoon na
mbooloo mu takku mu doon déglu Yeesu ak mbégte.

### Yeesu artu na nit ñi ci jàngalekati-yoonu-Musaa

38 Ci biir njàngaleem, Yeesu da doon wax ne: «Moytuleen
jàngalekati-yoonu-Musaa yi bëgg di doxantu, sol mbubb yu réy, te
bëgg ñu leen di nuyu ak ñaari loxo ci péncu dëkk bi, 39 di toog ci
toogukaay yi féete ci kanam ci kër-ñaan yi ak toogukaay yu yiw yi
ci lekku xew yi. 40 Ñoom dañuy yàq alalu jigéen ñi ñàkk seen jëkkër
tey ñaan ak ngistal ñaan yu gudd. Seen àtte mooy gëna metti.»
41 Ci kaw loolu Yeesu toog jàkkaarloo ak ndab bi ñuy defe saraxu
xaalis bi ci kër-Yàlla gi. Muy xool naka la mbooloo mi di dugale
xaalis ci ndab bi. Boroom alal yu bari doon nañu ci dugal xaalis bu
takku. 42 Benn jigéen bu ñàkk jëkkëram te néew doole yegsi. Mu
joxe ñaari fiftin. 43 Noonu Yeesu woo taalibeem yi te ne leen: «Ci
dëgg maa ngi leen koy wax, jigéen bu néew doole bii, li mu joxe
moo ëpp li ñépp joxe ci ndab bi. 44 Ndaxte ñoom ñépp dañoo joxe ci
seen barile, waaye moom dafa joxe ci néewleem, ba joxe lépp li mu
amoon te war ko dunde.»

## 13

### Yeesu mu ngi wax ci li wara ñëw

1 Bi Yeesu di génn ci kër-Yàlla gi, kenn ci taalibeem yi ne ko:
«Jàngalekat bi, xoolal xeer yu rafet yii ak tabax yu rafet yii!»
2 Yeesu ne ko: «Gis nga tabax yu réy yii ngay xool nii? Lii lépp
dinañu ko yàq, te doj dootul des ci kaw doj.»

[3] Yeesu daldi toog ci kaw Tundu Oliw ya jaakarloo ak kër-Yàlla gi,
te Piyeer, Saak, Yowaana, ak Andare, wéetoo ak moom te laaj ko ne:
[4] «Jàngalekat bi, wax nu kañ la loolu di am ak ban màndarga mooy
firndeel ne loolu lépp dina mat.»
[5] Yeesu tontu leen ne: «Moytuleen! Buleen kenn nax. [6] Ndaxte dina
am ñu bari ñuy ñëw mbubboo sama tur tey wax ne: "Man maay
Almasi bi" te dinañu nax ay nit ñu bari. [7] Bu ngeen déggee ñuy wax
ci ay xare ak ay coowi xare, buleen ragal, ndaxte mbir yooyu, fàww
ñu am bu jëkk, waaye nekkagul njeextel gi. [8] Ndaxte benn xeet dina
jóg ngir xeex ak beneen xeet te réew dina jóg ngir xeex ak beneen
réew. Dina am ay yëngu-yëngu suuf yu réy ci béréb yu wuute, ak
xiif. Xew-xew yooyu dinañu mel ni metit yu jëkk ci matu.
[9] «Waaye yeen ci seen bopp moytuleen! Ndaxte dinañu leen jébbal
ci bérébu àttekaay yi, dinañu leen dóor ay yar ci kër-ñaan yi,
dinañu leen yóbbu ci kanamu njiiti réew yi ak ci kanamu buur yi
ndax man ngir ngeen nekk samay seede ci seen kanam. [10] Fàww ñu
jëkka yégle xibaar bu baax bi ci xeet yi yépp. [11] Te bu ñu leen jàppee
ngir yóbbu leen ci àttekaay bi, buleen jaaxle ci li ngeen wara wax.
Li ñu leen jox ci waxtu boobu, waxleen ko, ndaxte du yeen yeenay
wax waaye Xel mu Sell mi. [12] Mag dina jébbale rakkam ci dee, te
baay jébbale doomam. Ay doom tamit dinañu fippu ci seeni waajur
te reylu leen. [13] Ñépp dinañu leen bañ ndax man, waaye ku dëgër-
dëgërlu ba ci njeextel gi dinga mucc.
[14] «Dina am bés, li ñuy wax "lu araam tey yàqe" taxaw fi mu
warula taxaw (na ki jàng xam). Su ngeen gisee loolu, na ñi nekk ci
Yude daw, yéeg ci tund yi. [15] Ki nekk ci kaw këram, bu mu wàcc,
dugg ci këram ngir jël dara, [16] te ki nekk ci tool, bu mu dellu
gannaaw ngir jël mbubbam. [17] Musiba dina dal jigéen ñi nga xam ne
dañoo ëmb ak ñiy nàmpal ci bés yooyu. [18] Ñaanleen Yàlla loolu baña

am ci jamonoy seddaay. [19] Ndaxte ci bés yooyu dina am ay metit yu
mësula am dale ko ci njàlbéen bi Yàlla sàkkee àddina si ba léegi te
dootul am mukk, [20] te su Boroom bi wàññiwul woon bés yooyu,
kenn du mucc, waaye wàññi na leen ndax ñi mu tànn. [21] Ci jamono
jooju, bu leen kenn waxee ne: "Xoolleen, Almasi bi mu ngi fii" walla
"Mu ngi fale," buleen ko gëm. [22] Ndaxte Almasi yu dëgguwul ak
yonent yu dëgguwul dinañu feeñ. Dinañu def ay màndarga ak ay
kéemaan ngir bu mënee nekk ñu nax ñi Yàlla tànn. [23] Yeen nag,
moytuleen! Wax naa leen loolu lépp laata muy ñëw.

[24] «Waaye ci bés yooyu, gannaaw metit boobu,

*jant bi dina lëndëm,*

*weer bi dootul leer,*

[25] *biddéew yi dinañu daanoo ci asamaan*

*te kàttani asamaan dinañu yëngu.*

[26] Noonu dinañu gis *Doomu nit ki di ñëw ci biir niir* ak kàttan bu réy
ak màggaay. [27] Dina yónni ay malaakaam, ñu dajale ñi Yàlla tànn ci
ñeenti cati àddina, dale ko fi suuf tàmbale ba fi asamaan yem.

[28] «Jàngleen léebu garabu gaŋ bi: Su fekkee ay bànqaasam tooy
nañu te ay xobam tàmbale sëq, xam ngeen ne nawet bi jegesi na.
[29] Noonu yeen tamit, sungeen gisee mbir yooyu di xew, xamleen ne
Doomu nit ki jegesi na, mu ngi ci bunt bi. [30] Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, niti jamono jooju duñu weesu mukk te mbir yooyu yépp
matuñu. [31] Asamaan ak suuf dinañu weesu, waaye samay kàddu
duñu weesu mukk.

[32] «Waaye ci lu jëm ci bés bi walla ci waxtu bi, kenn xamu ko: du
sax malaaka yi ci asamaan walla Doom ji, waaye Baay bi rekk moo
ko xam. [33] Moytuleen tey xoole, ndaxte xamuleen kañ la waxtu bi di
ñëw. [34] Loolu dina mel ni nit kuy tukki. Mu bàyyi këram, dénk
surgaam yi sañ-sañ, ku nekk ak li mu wara def, te mu jox garjen bi

ndigal ngir muy xoole. 35-36 Xamuleen kañ la boroom kër gi di ñëw.
Mën na ñëw ci ngoon si, walla ci xaaju guddi, walla bu ginaar di
sab, walla ci suba si. Loolu moo tax yeewuleen, ngir bu ñëwee ci
waxtu bu ngeen ko foogewul, mu bañ leen fekk ngeen di nelaw. 37 Li
ma leen wax nii, wax naa ko ñépp: wéyleen di xoole!»

## 14

### Benn jigéen tuur na latkoloñ ci boppu Yeesu

1 Ñaari fan a desoon bala màggalu Paak bi ak màggalu mburu yu
amul lawiir yi. Njiiti-jébbalkati-sarax yi ak jàngalekati-yoonu-
Musaa doon wut pexe ngir jàpp Yeesu ci kumpa te reylu ko,
2 ndaxte dañu doon wax ne: «Warunu ko jàpp ci bésu màggal yi. Lu
ko moy yëngu-yëngu mën na am ci askan bi.»
3 Bi Yeesu nekkee Betani ci këru Simoŋ gaana bi, benn jigéen
duggsi ci waxtu bi mu nekkee ci bérébu lekkukaay bi. Mu yor butéel
bu ñu defare xeeru albaatar bu fees ak latkoloñ bi ñuy woowe nàrd
bu raxul dara, te njég li bari. Mu toj butéel bi te tuur latkoloñ bi ci
boppu Yeesu. 4 Ñenn ñi daldi ci mer te di wax ci seen biir: «Lu tax
muy yàq latkoloñ bi? 5 Ndaxte mënoon nañu ko jaaye lu tollook
peyooru atu lëmm te jox xaalis bi néew-di-doole yi.» Te ñu tàmbali
di ŋàññe ku jigéen ki. 6 Waaye Yeesu ne: «Bàyyileen ko. Lu tax
ngeen koy sonal? Jëf ju baax la ma defal, 7 ndaxte néew-di-doole yi
dinañu nekk ak yeen saa su nekk te mën ngeen leen defal lu baax
saa su ngeen ko bëggee, waaye man duma nekk ak yeen saa su
nekk. 8 Def na li mu mën: xeeñal na sama yaram bala ñu koy rob. 9 Ci
dëgg maa ngi leen koy wax: fépp fu ñuy yégle xibaar bu baax bi ci
àddina si yépp dinañu nettali tamit li jigéen jii def ngir fàttaliku
ko.»
10 Noonu Yuda Iskariyot, kenn ci fukk ak ñaar yi, dem ci njiiti-

jébbalkati-sarax yi ngir jébbal leen Yeesu. [11] Ñu daldi bég ci xibaar
boobu te ñu dig ko ne dinañu ko jox xaalis. Yuda tàmbali di wut
pexe ngir jébbal leen Yeesu.

### Yeesu mu ngi màggal bésu Paak ak taalibeem yi

[12] Bés bu jëkk ci màggalu mburu yu amul lawiir yi, bés bi ñuy rendi
mbote yi ngir reeru Paak, taalibe yi laaj Yeesu: «Fan nga bëgg nu
waajale la reeru Paak bi?» [13-14] Noonu Yeesu yónni ñaar ci ay
taalibeem, ne leen: «Demleen ci dëkk bi; dingeen daje ak waa ju
yenu ndaal bu am ndox. Toppleen ko ba fi muy dugg, te nii ngeen
di waxe ak boroom kër gi: "Jàngalekat bi moo ne: 'Fan mooy sama
néeg bi may lekke reeru Paak bi ak samay taalibe?'" [15] Dina leen
won benn néeg bu yaatu bi ñu defar ba lépp sotti te mu féete ci
kaw. Foofu ngeen nu koy waajale.» [16] Taalibe yi dem te dugg ci dëkk
bi, fekk lépp ni leen ko Yeesu waxe woon te ñu daldi waajal reeru
Paak bi.

[17] Ci ngoon si Yeesu yegsi ak fukk ak ñaar yi. [18] Bi ñu nekkee ci
bérébu lekkukaay bi di lekk, Yeesu ne: «Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, kenn ci yenn, kiy lekkandoo ak man, moo may jébbale.» [19] Ñu
ànd ak tiis, ku nekk di laaj Yeesu naan: «Mbaa du man?» [20] Mu ne
leen: «Kenn ci yeen la, ku bokk ci fukk ak ñaar yi. Kiy cappandoo ak
man ci ndab li. [21] Ndaxte Doomu nit ki dina dee ni ko Mbind mi
yégle ci lu jëm ci moom, waaye musiba dina dal nit ki koy jébbale.
Mu bañoona juddu sax, moo gën ci moom.»

[22] Ci waxtu bi ñuy lekk, Yeesu jël mburu, barkeel ko ba noppi,
damm ko, te jox leen ko ne: «Jëlleen ko. Lii moo di sama yaram.»
[23] Noonu mu jël benn kaas, sant Yàlla ba noppi, jox leen ko te ñu
naan ñoom ñépp. [24] Noonu mu wax leen ne: «Lii moo di sama deret
bi tuuru ngir ñu bari, ngir fas kóllëre gi. [25] Ci dëgg maa ngi leen koy
wax: dootuma naan biiñ mukk ba keroog may naan biiñ bu bees ci

nguuru Yàlla gi.»
[26] Gannaaw bi ñu woyee benn woy ci Saboor yi, ñu génn ngir dem
ci Tundu Oliw ya.
[27] Yeesu ne leen: «Yeen ñépp dingeen dem, bàyyi ma, ndaxte
Mbind mi ne na:

*"Dinaa dóor sàmm bi*
*te xar yi dinañu tasaaroo."*

[28] Waaye gannaaw bu ma dekkee, dinaa leen jiituji diiwaanu Galile.»
[29] Piyeer ne ko: «Bu ñépp demee, bàyyi la sax, man duma la bàyyi.»
[30] Yeesu ne ko: «Ci dëgg maa ngi la koy wax, tey jii, ci guddi gi sax,
bala ginaar di sab ñaari yoon, dinga ma weddi ñetti yoon.» [31] Waaye
Piyeer waxaat ak doole ne: «Su de sax, damaa wara dee ak yaw,
duma la weddi mukk.» Te ñépp wax loolu tamit.

### Yeesu ñaan na ci béréb bi nuy wowe Setsemane

[32] Ñu yegsi ci béréb bi ñuy woowe Setsemane te Yeesu wax
taalibeem yi: «Toogleen fii, ci waxtu bi may ñaan.» [33] Noonu mu jël
Piyeer, Saak, ak Yowaana. Mu tàmbale yég tiis ak naqar. [34] Mu ne
leen: «Sama xol dafa tiis ba ma bëgga dee. Desleen fii te di xoole.»
[35] Mu sori leen tuuti, daanu ci suuf, tey ñaan ngir su mënee nekk,
Yàlla soril ko waxtu naqar bi, [36] ne: «Baay, mën nga def lépp. Soril
ma kaasu naqar bii. Wànte bu mu doon sama coobare, waaye na sa
coobare am.» [37] Mu dellu, fekk leen ñuy nelaw, te mu ne Piyeer:
«Simoŋ, yaa ngi nelaw! Mënoo sax xoole benn waxtu! [38] Xooleleen
te ñaan, ngir ngeen baña daanu ci fiir. Xel mi waaj na ba noppi,
waaye yaram bi dafa néew doole.» [39] Noonu mu soriwaat leen tuuti
tey ñaan di wax kàddu yi mu waxoon. [40] Noonu mu ñëwaat, fekk
leen ñuy nelaw, ndaxte seen bët yi mënuñu woon xoole ndax
gëmmentu, te xamuñu woon li ñu koy wax. [41] Bi mu ñëwaatee ci
ñetteelu yoon ba, mu ne leen: «Yeena ngi nelaw tey noppalu! Doy

na. Waxtu bi jot na. Xoolleen! Ñu ngi jébbal Doomu nit ki ci loxoy
bàkkaarkat yi. [42] Jógleen, nu dem. Xoolleen! Ki may jébbale mu ngi
nii.»

### Yuda wor na Yeesu

[43] Bi Yeesu di wax loolu, ci saa si Yuda mi bokkoon ci fukk yi ak
ñaar yegsi. Mbooloo mu takku ànd ak moom, yor ay jaasi ak ay yet.
Njiiti-jébbalkati-sarax yi, jàngalekati-yoonu-Musaa, ak mag ñi ñoo
leen yónni woon. [44] Ki ko doon jébbale joxoon na leen benn
màndarga, ne leen: «Ki may fóon, moom la. Jàppleen ko te téye ko
bu baax.» [45] Bi mu ñëwee, mu jegesi ko ci saa si te ne: «Jàngalekat
bi.» Noonu mu daldi ko fóon. [46] Noonu ñu song Yeesu te jàpp ko.
[47] Waaye kenn ci ñi nekkoon foofu daldi rocci jaaseem, dóor surga
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi, te dagg nopp bi. [48] Yeesu jël kàddu gi
ne: «Lu tax ngeen ñëw jàppsi ma yor ay jaasi ak ay yet, mel ni
damaa nekk defkatu lu bon? [49] Bés bu nekk nekkandoo woon naa ak
yeen ci ëttu kër-Yàlla gi ngir jàngale te yeen jàppuleen ma. Waaye
loolu am na ngir matal Mbind mi.» [50] Noonu ñépp ñi doon ànd ak
moom bàyyi ko te daw. [51] Amoon na benn waxambaane bu ko doon
topp. Benn sér rekk la laxasu woon. Ñu jéem ko jàpp, [52] waaye mu
bàyyi sér bi te daw, yaramu neen.

### Yeesu ci këru jébbalkatu sarax bu mag bi

[53] Noonu ñu yóbbu Yeesu ci këru jébbalkatu-sarax-bu-mag bi.
Njiiti-jébbalkati-sarax yi, mag ñi, ak jàngalekati-yoonu-Musaa daje
woon nañu foofu. [54] Piyeer doon topp Yeesu fu sori ba ci ëttu këru
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi. Toogoon na ak wottukat yi te di jaaru
ci wetu xal bi. [55] Njiiti-jébbalkati-sarax yi ak kurélu àttekati Yawut
yépp doon nañu wut seede ngir tuumaal Yeesu ngir ñu teg ko
daanu dee, waaye amuñu ko woon. [56] Ndaxte amoon na nit ñi ko

doon seedeel lu dul dëgg, waaye seeni seede àndul woon. 57 Ñenn ñi
jóg te di seede lu dul dëgg jëmale ko ci moom naan: 58 «Dégg nanu
ko muy wax ne: "Dinaa toj kër-Yàlla gi ay loxo nit tabax, te ci ñetti
fan, ma tabax beneen bu loxoy nit dul tabax."» 59 Waaye ci kàddu
yooyu sax seen seede àndul woon ba léegi. 60 Noonu jébbalkatu-
sarax-bu-mag bi jóg ci diggu mbooloo mi te laaj Yeesu ne: «Ndax
doo tontu dara ci li la nit ñii di tuumaal?» 61 Waaye mu noppi te
tontuwul dara. Jébbalkatu-sarax-bu-mag bi laajaat ko ne: «Ndax
yaw yaay Almasi bi, Doomu Yàlla Aji-Cant ji?» 62 Yeesu tontu ne:
«Moom laa, te dingeen gis *Doomu nit ki toog ci ndeyjooru* Yàlla Aji-
Kàttan ji tey *ñëw ak niiri asamaan.*» 63 Noonu jébbalkatu-sarax-bu-
mag bi xotti yéreem tey naan: «Lan lanuy soxlati ay seede? 64 Dégg
ngeen muy saaga Yàlla ci li mu méngale boppam ak moom. Lan
ngeen ci xalaat?» Te ñépp teg ko daanu dee. 65 Ñenn ñi di ko tifli,
takk bëtam yi di ko dóor ay kurpeñ te ne ko: «Waxal ci turu Yàlla.»
Te wottukat yi jël ko di ko mbej.

66 Ci bi Piyeer nekkee ci suuf, ci ëtt bi, kenn ci surga yu jigéenu
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi yegsi. 67 Bi mu gisee Piyeer di jaaru, mu
daldi ko xool bu baax te ne ko: «Yaw tamit nekkoon nga ak Yeesu
mu Nasaret.» 68 Waaye Piyeer weddi ko ne: «Xamuma li nga bëgga
wax. Dégguma ci dara.» Te mu dem ci wetu bunt bi te benn ginaar
daldi sab. 69 Waaye surga bu jigéen bi gis ko te mu waxaat ñi
nekkoon foofu: «Waa jii, ci ñoom la bokk.» 70 Waaye mu weddiwaat
ko. Ci kanam tuuti ñi nekkoon foofu tàmbale wax Piyeer ne: «Li
wóor mooy ci ñoom nga bokk, ndaxte ci diiwaanu Galile nga jóge.»
71 Noonu mu tàmbale giñ di waat ne: «Xamuma waa ji ngeen di
wax,» 72 te ci saa si benn ginaar sab ci ñaareelu yoon. Noonu Piyeer
fàttaliku kàddu gi ko Yeesu waxoon: «Bala ginaar di sab ñaari yoon
dinga ma weddi ñetti yoon,» te mu tàmbale jooy.

# 15

## Pilaat mu ngi laaj Yeesu

[1] Ci suba teel, njiiti-jébbalkati-sarax yi waxtaan ak mag ñi,
jàngalekati-yoonu-Musaa yi, ak kurélu àttekati Yawut yi yépp.
Noonu ñu yeew Yeesu, yóbbu ko, te jébbal ko Pilaat. [2] Pilaat laaj ko
ne: «Ndax yaw yaay buuru Yawut yi?» Yeesu tontu ne: «Yaw, yaa ko
wax.» [3] Njiiti-jébbalkati-sarax yi tàmbali di ko tuumaal ci ay mbir
yu bari. [4] Noonu Pilaat laajaat ko ne: «Xanaa déggoo lépp li ñu lay
tuumaal? Ndax doo tontu dara?» [5] Waaye Yeesu tontuwul dara, ba
tax Pilaat waaru lool.

[6] Màggalu Paak bu nekk, Pilaat dafa tàmmoon di bàyyi kenn ci ñi
ñu tëj kaso, ki askan bi doon laaj. [7] Fekk amoon na benn nit bu tudd
Barabas. Ñu tëjoon ko kaso ak yeneen fippukat ndaxte dañoo
reyoon nit ci fippu bi amoon ci dëkk bi. [8] Mbooloo mi dem kër Pilaat
te ñu ñaan ko ngir mu jëfe ni mu ko tàmme woon di def. [9] Pilaat
tontu leen ne: «Dangeen bëgg ma bàyyil leen buuru Yawut yi?»
[10] Laaj na leen loolu ndaxte xamoon na ne iñaan moo tax njiiti-
jébbalkati-sarax yi jébbal ko Yeesu. [11] Waaye njiiti-jébbalkati-sarax
yi di yékkëti mbooloo mi ngir ñu ñaan Pilaat mu bàyyil leen
Barabas. [12] Pilaat jëlaat kàddu gi ngir laaj leen: «Lan ngeen bëgg nag
ma def ci ki ngeen di woowe buuru Yawut yi?» [13] Ñuy yuuxu naan:
«Daaj ko ci bant.» [14] Pilaat laaj leen: «Lan la def lu bon?» Waaye ñu
gëna yuuxu naan: «Daaj ko ci bant.» [15] Noonu Pilaat bàyyil leen
Barabas ndaxte da bëggoon lu neex mbooloo mi. Yeesu nag, mu
dóorlu ko ay yar te jébbal ko soldaar yi ngir ñu daaj ko ci bant.

## Ñaawal nañu Yeesu, daaj ko ci bant, te mu dee

[16] Soldaar yi yóbbu Yeesu ci biir kër njiitu diiwaan bi, te ñu woo
mbooloo soldaar yi yépp, ñu dajaloo. [17] Ñu solal ko mbubb bu xonq

te ñu teg ci boppam ab kaala bu ñu ràbbe dég. [18] Ñu tàmbali di ko
nuyu naan: «Nuyu nanu la, yaw buuru Yawut yi.» [19] Ñu di ko dóor ci
bopp ak benn bant, di tifli ci kawam, te sukk di sëgg ci kanamam.
[20] Bi ñu ko ñaawalee ba noppi, ñu daldi summi mbubb bu xonq bi ñu
ko solaloon, delloo ko yéreem yi, te yóbbu ko ci biti ngir daaj ko ci
bant ba.

[21] Benn waay bu tudd Simoŋ mu Siren, miy baayu Alegsàndar ak
Rufus, jaaroon foofu, jógewoon ci toll yi. Soldaar yi sëf ko bantu
Yeesu bi. [22] Ñu yóbbu Yeesu ci béréb bi ñuy woowe Golgota, luy
tekki yaxu bopp. [23] Ñu bëgg ko jox biiñ bu ñu jaxase ak lu ñuy wax
miir, waaye Yeesu bañ. [24] Noonu ñu daaj ko ci bant te séddoo
yéreem yi di tegoo bant ngir xam ku nekk li muy am. [25] Bi ñu koy
daaj ci bant juróom ñeenti waxtu ci suba moo jotoon. [26] Lii lañu
bind: «Kii mooy Buuru Yawut yi» ngir wone li tax ñu teg ko daan. [27-
28] Ñu daajaale ñaari defkatu lu bon ci wetam, kenn ki ci
ndeyjooram, keneen ki ci càmmoñam. [29] Ñi doon romb foofu di ko
saaga di yëngal seeni bopp, naan: «Éey, yaw miy toj kër-Yàlla gi te
tabaxaat ko ci ñetti fan, [30] wàccal ci bant bi ngir musal sa bopp.»
[31] Ci noonu tamit njiiti-jébbalkati-sarax yi ak jàngalekati-yoonu-
Musaa di ko ñaawal, di waxante ci seen biir: «Musal na ñeneen ñi
waaye mënula musal boppam. [32] Na Almasi bi, buuru Israyil bi, wàcc
ci bant bi léegi, ngir nu gis te gëm.» Ñi ñu daajaale woon ak moom
sax di ko saaga.

[33] Ci diggu bëccëg réew mi yépp lëndëm ba ci ñetti waxtu ci ngoon.
[34] Bi ñetteelu waxtu bi jotee, Yeesu yuuxu ak baat bu kawe naan:
«Eli, Eli, lema sabaktani?» luy tekki: «Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax
nga bàyyi ma?» [35] Ñenn ñi fa nekkoon dégg loolu tey yuuxu naan:
«Dégluleen, mu ngi woo yonent Yàlla Ilyaas.» [36] Am kenn ku daw,
jël benn sagar, capp ko ci bineegar, takk ko ci bant, te tàllal ko

Yeesu ngir mu naan ko, te ne: «Xaarleen ba xam ndax Ilyaas dina
ñëw wàcce ko ci bant bi.» [37] Waaye Yeesu yuuxu ak baat bu kawe te
daldi dee. [38] Rido kër-Yàlla gi daldi xar ñaar, li ko dale ci kaw ba ci
suuf. [39] Njiitu soldaar bi taxawoon ci kanamu Yeesu, bi mu gisee
naka la deewe, mu ne: «Ci dëgg, nit kii Doomu Yàlla la.»

## Rob nañu Yeesu

[40] Amoon na tamit yenn jigéen yu doon seetaane fu sori.
Maryaama mu Magdala, Maryaama yaayu Saak bu ndaw ak Yose, ak
Salome bokkoon nañu ci. [41] Daan nañu topp Yeesu te di ko toppatoo
bi mu nekkee ci diiwaanu Galile. Amoon na tamit yeneen jigéen yu
bari yu àndoon ak moom ba Yerusalem.

[42-43] Bésu waajal bi la woon, maanaam bés bi jiitu bésu noflaay bi.
Bi ngoon si jotee, ku tudd Yuusufa mu Arimate yegsi. Bokkoon na ci
kurélu àttekat yi te ñu joxoon ko cér, te mu doon xaar moom tamit
nguuru Yàlla gi. Mu takk fitam, dem ci Pilaat ngir laaj ko néewu
Yeesu. [44] Pilaat waaru woon na bi mu yégee ne Yeesu dee na ba
noppi. Mu woolu njiitu soldaar bi te laaj ko ndax bi mu deewee ak
léegi, yàgg na. [45] Gannaaw bi mu déggee tontu njiitu soldaar bi,
Pilaat may Yuusufa mu jël néew bi. [46] Yuusufa daldi jënd benn
perkaal, wàcce néew bi ci bant bi, lëmës ko ci perkaal bi, te denc ko
ci benn bàmmeel bi ñu yattoon ci biir doj. Noonu mu bërëŋ xeer bu
réy ngir tëj buntu bàmmeel bi. [47] Maryaama mu Magdala ak
Maryaama yaayu Yose doon xool fan lañu ko denc.

# 16

## Yeesu dekki na ci ñu dee ñi

[1] Bi bésu noflaay bi weesoo, Maryaama mu Magdala, Maryaama
yaayu Saak, ak Salome jënd diw bu xeeñ latkoloñ ngir dem xeeñale
ko néewu Yeesu. [2] Dimaas ci suba teel bi jant bi fenkee ñu dem ci

bàmmeel bi. 3 Ñuy wax ci seen biir ne: «Kan moo nuy bërëŋal xeer
bi tëj bàmmeel bi?» 4 Bi ñu yékkëtee seeni bët, ñu gis ne bërëŋ nañu
xeer bi, doonte xeer bu réy la woon. 5 Bi ñu duggee ci bàmmeel bi,
ñu gis benn waxambaane bu sol yére bu weex tooge ci seen
ndeyjoor, te ñu daldi tiit. 6 Waaye mu ne leen: «Buleen tiit. Yeesu
mu Nasaret mi ñu daajoon ci bant bi ngeen di seet. Dekki na.
Nekkatu fi. Xoolleen béréb bi ñu ko dencoon. 7 Léegi demleen, wax
taalibeem yi ak Piyeer: "Mu ngi leen di jiituji diiwaanu Galile. Foofu
ngeen koy gise, ni mu leen ko waxe woon."» 8 Noonu ñu génn ci
bàmmeel bi di daw, ndaxte dañu doon lox te yéemu lool. Waxuñu
kenn dara ndaxte dañoo tiitoon.

### Yeesu feeñu na taalibeem yi te wax leen nu yégle xibaar bu baax bi ci àddina si yépp

9 Bi Yeesu dekkee Dimaas ci suba si, Maryaama mu Magdala la jëkka
feeñu. Ci moom la dàqoon juróom ñaari rab yi. 10-11 Ñi doon ànd ak
Yeesu nekkoon nañu ci naqar di jooy. Maryaama mu Magdala dem
yégal leen ne Yeesu mu ngi dund te gis na ko, waaye ñoom gëmuñu
ko. 12 Gannaaw loolu Yeesu feeñu ñaari taalibe ci beneen melokaan
bi ñu nekkee ci yoon ngir dem ci këru àll yi. 13 Te ñooñu ñëwaat
yégal ko ñeneen ñi, waaye gëmuñu leen tamit. 14 Noonu mu daldi
feeñu fukk yi ak benn, bi ñu nekkee ci bérébu lekkukaay bi, te mu
yedd leen ndax seen ñàkka gëm ak seen dëgëraayu xol, ndaxte
gëmuñu woon ñi ko gisoon gannaaw bi mu dekkee. 15 Noonu mu ne
leen: «Demleen ci àddina sépp te yégle xibaar bu baax bi ci ñépp.
16 Ku gëm te ñu sóob ko ci ndox dina mucc. Waaye ku gëmul dinañu
ko teg daan. 17 Màndarga yii ñooy ànd ak ñi gëm: dinañu dàq rab yi
ci sama tur; dinañu wax ay kàllaama yu bees; 18 dinañu jàpp ci seeni
loxo ay jaan; te bu ñu naanee tooke dara du leen dal. Dinañu teg

seeni loxo ci kaw ñi feebar te ñu wér.» [19] Gannaaw bi Boroom bi
Yeesu waxee ak ñoom ba noppi, Yàlla yékkëti ko ci asamaan, te mu
toog ci ndeyjooram. [20] Ñoom, ñu dem yégle fépp xibaar bu baax bi.
Boroom bi doon na ànd ak ñoom, di dëggal kàddu gi jaarale ko ci
màndarga yi doon gunge kàddu gi.